ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№78 (24.516) • 2023 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 1, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къыдэритамкIэ

ЛЪЭХЪЭНЭЩIЭМ ХУЭГЪЭПСА ГУПСЫСЭ ЛЪЭЩХЭР

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэу Москва щекIуэкIа къэралпсо зэлущIэшхуэм и пленарнэ зэхуэсым хэтащ УФ-м и Президент Путин Владимир. Мы гъэм ещанэу ар къыдэгъэпэщ Стратегие жэрдэмхэмкIэ агентствэмрэ (АСИ) Урысей конгрессымрэ, ВТБ-м ядIыгъыу. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IэщIагъэлI гуп и гъусэу хэтащ урысейпсо мыхьэнэ зиIэ а зэхуэсым.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIахэм ящыщ куэдым гукъинэ ящыхъуащ абы къыхуэзэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэ купщIафIэр. Президентым ищIа унафэм тету, утыкум щагъэлъэгъуащ къэралым щIэгъэхуэбжьауэ адэкIи зиужьыным хуэгъэпса проект лъэщхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу гъэлъэгъуэныгъэм я IэдакъэщIэкIхэр яшащ IуэхущIапIэ 13-м. Абыхэм гупсэхуу щыгъуазэ захуэзыщIа Путин Владимир и псалъэм къыхигъэщащ IуэхумзэрызиужьымрэкъыизэщIиубыдэ унэтIыныгъэхэмкIэ зэрыарэзыр.

- Нэхъапэм ди къэралым щащI хьэпшыпхэм гъуэгу ягъуэтыртэкъым, хамэ щIыналъэхэм щагъэхьэзырхэм еплъытмэ. Иужьрейхэр цIэрыIуэ ящIырт ахэр гъэкIуэтэным къыхуэзрагъэпэщ рекламэхэм, я хьэпшыпхэр къызэрыдэкI цIэхэм (брендхэм), - жиIащ Президентым. - Ди хэкум къыщыдагъэкI хьэпшыпхэр нэхъ цIэрыIуэ, хэIущIыIу хъунымкIэ къэралыр ядэIэпыкъунущ дяпэкIэ. Дызэлэжь, къыдэдгъэкI хьэпшыпхэр, Iэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр дуней псом щызэбгрыкIын хуейщ, пщIэ яIэу. А Iуэхумзиужьыныхуэгъэпсащдызыхэт зэIущIэр. Мы махуэхэм къыщыщIэдзауэ дэтхэнэ уней IуэхущIапIэми, хьэрычэтыщIэми, зи щхьэ Iуэхузэзыхуэжхэми хуитыныгъэ яIэщ къалэжь продукцэм езыхэм я дамыгъэ щхьэхуэ трагъэувэжу ар жылагъуэм хэIущIыIу щащIыну.

Къэрал унафэщIым зэрыжиIамкIэ, зыужьныгъэм хуэгъэпса гупсысэщIэхэмрэ проектыщIэхэмрэ, IуэхузехьэкIэ мардэщIэхэм я нэхъыфIхэм гъуэгу етын, дэIэпыкъун хуейщ. КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Правительствэм хэтхэм унафэ яхуищIащ республикэм щылажьэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ядэIэпыкъуным, сэбэп яхуэхъуным ехьэлIауэ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, 2023 гъэм екIуэкIа а зэхуэс иным хэтыну гукъыдэж зыщIахэм къабгъэдэкIа проектыщIэхэм я бжыгъэр мин 24-м нос. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр абыкIэ пашэщ. Республикэм и цIыхухэм къабгъэдэкIащ социальнэ гъащIэм, технологием, IэнатIэхэр лэжьакIуэкIэ къызэгъэпэщыным, щIыуэпсыр хъумэным, хьэрычэтыщIэ Iуэхумзегъэужьыным, бжыгъэр зи лъабжьэ IуэхутхьэбзэхэрзэфIэхыным хуэгъэпса гупсысэщIэрэ проектыщIэу 248-рэ. Гуапэ зэрыхъущи, Iуэхумнэхъжыджэрутхэтхэмящыщщ ди щIалэгъуалэр.

КъБР-м и Iэтащхьэм Правительствэм пщэрылъ хуищIащ апхуэдэ жэрдэмыщIэхэр къызыбгъэдэкIа IуэхущIапIэхэм, цIыхуцхьэхуэхэм ящыщ дэтхэнэми щхьэхуэу ядэлэжьэну, утыку ирахьа IуэхурзэфIэхынымкIи дэIэпыкъуэгъу хъуну.

Ухуэныгъэхэр зэпыуркъым

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ видеоконференц Iэмалкlэ екIуэкIа, УФ-м ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и Президиумым и зэхуэсым. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат. Абы щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, федеральнэ проектхэмрэ школхэр ухуэн, зэIуэзэпэщ щIыжын зэрыхуейм ехьэлIа лэжьыгъэхэмрэ хухаха мылъкум и зегъэкIуэкIэм.

ДЫЗЭРЫТ зэманым республикэм школыщIэу 16 щаухуэ. Абыхэм ящыщу 7-р 2023 гъэм и дыгъэгъазэм яухынущ, адрей 9-р илъэситIым и кIуэцIкIэ нагъэсынурэ, 2024 гъэм яутIыпщынущ. «Иджырей школ» къэрал проектым ипкъ иткIэ, а мурадхэм трагъэкIуэдэнущ сом меларди 7,5-рэ. Къинэмыщ1ауэ, мы илъэсым зыхуей хуагъэзэнущ иджыри еджапIэ 40, а псори зэманым декIу, егъэджэныгъэр зыгъэпсынщIэ иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэщын Iуэхум и ужь ихьакIэщ.

Узыншагъэм, спортым, щэнхабзэм епха ухуэныгъэхэм адэкIи пащэнущ. ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм елэжькIэрэ, пщIантIэхэр, зекIуапIэхэр нэхъыфI зэращIыным иужь ит зэпытщ. Гъэ блэкIам елъытауэ, дызэрыт илъэсым яутIыпща унэхэр процент 11,5-кIэ нэхъыбэщ. Процент 30-кIэ хэхъуащ ипотекэ кредитхэри.

Гъуэгу ухуэныгъэхэм епха проектхэмрэ программэхэмрэ япкъ иткIэ къаIэта лэжьыгъэу 22-р и кIэм нагъэсащ, абыхэм ящыщу 8-м ирахьэлIар къэхухьныгъэ лэжьыгъэщ. ЩIыналъэмрэ щIыпIэмрэ къызэщIиубыдэу, гъуэгушхуэ 14 яхэтщ абыхэм: Кэнжэ - Щхьэлыкъуэ, Щхьэлыкъуэ - Каменкэ, Белэ Речкэ - 4-нэ Жылагъуэ, Лэскэн - Ерокъуэ - Лэскэн ЕтIуанэ, Май къалэ - Заречнэ - Ново-Ивановкэ, Старэ Шэрэдж - Жэмтхьэлэ - Сукан-Су, Дзэлыкъуэкъуажэ - Лесгор. Къинэмыщ1ауэ, абыхэм яхеубыдэ Дзэлыкъуэкъуажэ - Туфкарьер гъуэгум тет, Бахъсэн псыежэхым зэпрыкI лъэмыжыр, Нарткъалэ - Къэхъун - Правоурванскэ гъуэгур, Аргудан - Аргудан Ипщэ, Старэ Шэрэдж - Чернэ Речкэ, Звездный жылагъуэм екIуалIэ гъуэгур.

Гъуэгу-транспорт лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым и фIыгъэкIэ, абы къыщыхъу гузэвэгъуэхэм я бжыгъэр процент 47-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Къинэмыщ1ауэ, УФ-м и Правительствэр арэзы хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым кIэзонэ кредитыр къигъэщхьэпэу зыIэригъэхьэну и мурад, ику ит фIагъ зиIэ автобус 44-рэ къищэхуну. Ахэр Налшык къалэ щызекIуэнущ.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм щекIуэкIа зэхыхьэм щытепсэлъыхьащ республикэм и IуэхущIапIэхэмрэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ 2023 - 2024 гъэхэм я бжыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзыр щIыкIэм. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед.

ПСЭУПIЭХЭМРЭ ахэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ IуэхущIапIэхэр бжыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэпсыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зыхуагъэувыжа пIалъэм къызэрыкIэрыху щымыIэу йокIуэкI.

IуэхурзипщэдэлъхэмуэтIпсытIымрэ щIыIэмрэ къыщыблэгъэжыну зэманым ипэ къихуэу зыхуей хуагъэзэн хуейщ фэтэр куэд зиIэ унэу 2753-рэ, ахэр хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ гъэплъыпIэу 387-рэ, псы пщтыр зэрырижэ бжьамийуэ, псори зэхэту, километр 496,23-рэ зи кIыхьагъыр, хуабэр зэбгрызыгуэшыкI егъэзыпIэу 52-рэ, псыр щIыIэрэ хуабэу зэщхьэщызых бжьамийуэ километр 4114,363-рэ зи кIыхьагъыр.

Къалэхэмрэ районхэмрэ щIыIэ псэупIэ унэхэм ящыщу дызыхуэкIуэ бжыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм къагъэплъын хуейхэр а Iуэхум зэрыхуэхьэзырымкIэ дэфтэрхэм (паспортхэм) щIыпIэ унафэщIхэм Iэ щIадзын хуейщ, 2023 гъэм фокIадэм и 1-м и пэ къихуэу. Унэхэр хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ Iуэхущ1апIэхэм зи гугъу тщIы дэфтэрхэм Iэ щIадзын щыхуейр жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэущ.

Лэжьыгъэр зэрагъэзэщIам щыхьэт техъуэ тхылъхэр ар зи пщэ къыдэхуэхэм КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм ирагъэхьын хуейщ.

Къалэ округхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я пщэрылъщ фэтэр куэд зыхэт псэупIэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырыр езыр-езыру щIапщытыкIыжыныр, къинэмыщ1ауи, унэхэр коммунальнэ и Iуэхукlэ зэрызехьапхъэ Iэмалхэм я нэхъ тыншыр убзыхуныр.

Зэхыхьэр зэхэзышахэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, уэрамхэмрэ пщIантIэ кIуэцIхэмрэ асфальт-бетон уэншэкущIэ тралъхьэн и пэ къихуэу, и лъабжьэм къыщIэнэ хабзэ инженер ухуэныгъэхэр (бжьамийхэр, абыхэм я зэпыдзапIэхэр, нэгъуэщIхэри) мардэм тету и чэзум зэхъуэкIа зэрыхъуным хуеужьэрэкIыпхъэщ ар зи пщэрылъхэр.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIам тетщIыхьмэ, 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м ирихьэлIэу, республикэм фэтэр куэд зыхэт и псэупIэхэм хуабэ езышалIэ гъэплъыпIэхэмрэ псы пщтыр зэрырижэ и бжьамийхэмрэ ящыщу процент 50-м щIигъур, еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я процент 70-р, цIыхухэм щеIэзэ - я узыншагъэм щакIэлъыплъ IуэхущIапIэхэм я процент 30-р дызыхуэкIуэ бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм хуэхьэзырщ.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм тхьэмахуэм къриубыдэу зэ щIепщытыкI республикэм и IэнатIэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ 2023 - 2024 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзырыр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ЗэIущIэхэр

Бжьыхьэ-щIымахуэ зэманым зыхуагъэхьэзыр

Шэджэм щIыналъэм туризмэр щефIэкIуэнущ

КъБР-м и Парламентым и комитетитIым - Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ туризмэмкIэ комитетымрэ Мэкъумэш хозяйствэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ и комитетымрэ - зэгъусэу ирагъэкIуэкIа зэIущIэ убгъуар епхат Шэджэм муниципальнэ щIыналъэр туризмэр щефIэкIуапхъэ щIыпIэу зэрыщытым.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэхэу **Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ**, Правительствэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ я лIыкIуэу Парламентымрэ хеящIэ органхэмрэ щыIэ **Дыщэкl Мадинэ**, хабзэубзыху Iуэхущ1апIэм и депутатхэр, къудамэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и Парламентым Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен** и фIэхъус псалъэм къыщыхигъэщащ Шэджэм муниципальнэ щIыналъэр Къэбэрдей-Балъкъэрыр куэдкIэ зыщыгугъ щIыпIэу зэрыщытыр, абы этнографием, мэкъумэшым, щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ, «экстремальнэ» туризм лIэужьыгъуэм зыщебгъэубгъу зэрыхъунур. Депутатыр тепсэлъыхьащ къэралыр туризмэр къиIэтыным жыджэру зэрелэжьым. Абы къыхэкIыу, щIыналъэм зэрыхъукIэ зыплъыхьакIуэ нэхъыбэ къезышэлIэну псоми елIэлIэн хуейщ.

Парламентым мэкъумэш хозяйствэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ и комитетым и унафэщI **Текlушэ Артур** и гугъу ищIащ туристхэмрэ зыплъыхьакIуэхэмрэ я зекIуапIэхэр зыхуей хуэбгъазэмэ, абы и лIэужьыгъуэ щхьэхуэхэр къэпIэтыжмэ, тхыдэм и фэеплъ къэнахэр зэбгъэпэщыжмэ, Шэджэм щIыналъэм туризмэм зэрызыщиужьынум.

КъаIэта Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэм экономикэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэ **Цей Амиррэ** КъБР-м Зыгъэпсэхупlэхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм туризмэмрэ санаторэ-курорт лэжьыгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Къаскъул Виолеттэрэ**. Ахэри тепсэлъыхьащ Шэджэм щIыналъэм туризмэм и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутым, ар зэребгъэфIэкIуэфынухэм, я мурадхэм.

Шэджэм щIыналъэм хеубыдэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ бгыщхьэ къэрал заповедникым и екIуэлIапIитхум я зыр - Башиль. Щыхуабэм деж, абы цIыхухэр кIуэ зэпытщ.

2022 гъэм и кIихьагъкIэ щIыналъэм цIыху мини 100-м зыщаплъыхьащ. Абы щыIэщ цIыху 500-м нэс щыпсэуфыну псэупIэ. Нэхъыбэу здэкIуэ щIыпIэхэр: Шэджэм псыкъелъэхэр, Эльтюбю, «Шэджэм Ипщэ» археологие-турист комплексыр, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ унэ-музейр, Кум-Тюбе Iуащхьэр.

Шэджэм ауэым зыщеужь парапланеризм, роуп-джампинг (кIапсэ яIыгъыу къолъэ) хуэдэ, цIыхум зэрызигъэунэхуж «экстремальнэ» туризмэм и лIэужьыгъуэхэм.

Къинэмыщ1ауэ, Шэджэм щIыналъэр къалъытэ «Бгылъэ Къэбэрдей-Балъкъэр» зыфIащ, гъуэгуншэ зекIуэм хухэха щыпIэхэм язу. Абы и щапхъэщ Актопрак сэнтхыр. Абдежым зыгъэпсэхупIэхэм, зыплъыхьыпIэхэм зыщрагъэубгъуну я мурадщ.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ Шэджэм щIыналъэр пэрыту къалъытэ турист кластерхэм хагъэхьэн мурад зэраIэми. И гугъу ящIащ КъБР-м щыIэ бгылъэ къэрал заповедникым и лэжьэкIэм, экологие зекIуапIэхэм, зэрызагъэунэхуж туризмэм зыхуэсакъыпхъэу хэтхэм, туризмэм и Iуэхукlэ щIыналъэм узыщыгугъ хъуну бгъэдэлъ зэфIэкIым, турист зекIуапIэу къэгъэщIэрэщIэжьпхъэхэм, агротуризм лIэужьыгъуэр къэпIэт зэрыхъунум, турбазэхэр, хьэщIэщхэр, абы цIыхухэр зэрыщагъэтынш Iэмалхэр зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуейм, кьинэмыщIхэм.

Къыхалъхьа псоми япкъ иткIэ, къудамэ щхьэхуэхэм унафэ пыухыкIахэр хуащIащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Адыгэ хьэлывэм зэпещIэ

Адыгейм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм триухуэурэ игъэлъапIэу махуэшхуэ хэхахэр иIэщ. Апхуэдэ махуэщI гъэщIэгъуэн иджыблагъэ щекIуэкIащ ди къуэш республикэм. Илъэс 12 хъуауэ ар гъэмахуэхэм Рыфабгъуэ и псы къыщIэжьпIэхэм щызэхашэ. Адыгэ хьэлывэм и махуэр къэзыгупсысар мы зыплъыхьыпIэ щIыпIэр зи нэIэ щIэт «Руфа-Тур» компанием и унафэщI Бибэ Мурадинщ. Илъэсищ хъуащ ар дунейм зэрехыжрэ, ауэ езыр щымыIэжми, и гукъэкI дахэр - лъэпкъ шхыныгъуэм теухуа махуэщIыр - къытхуигъэнащ.

АДЫГЭ хьэлывэм, кхъужьым, къэбым ятеухуа махуэшхуэхэр Рыфабгъуэ сытым дежи щокIуэкI. Ахэр Урысейм и щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэщ махуэ хэхахэм хагъэхьащ. ИкIи абыхэм я фIыгъэкIэ Адыгейр куэдым къыхахыу къаублащ гъэмахуэм зыщагъэпсэхуну. Къущхьэ тIуащIэм Щхьэгуащэ дож, абы телъ лъэмыжым уэзрызэпрыкIыу, Хьэджыкъуэ пэмыжыжьэу псы къежэхыпIэхэм уаIуощIэ. Хьэлывэм и махуэм куэд дыдэ къокIуалIэ мы щIыпIэм.

Шыуанышхуэхэр щагъэув, мафIэ щащI, махуэщIым щызэпеуэнухэр къызэхуос, бысым гуащэхэм хьэлывэхэр ягъэхьэзыр. Гъуэжьыбзэу, дыщафэу, пщтыру къыхахыжа хьэлывэхэм къэпщытакIуэхэр йоплъ, зыIуагъахуэ, я IэфIагъыр къапщытэ. А махуэм хьэлывэм и мэр къущхьэ тIуащIэм дзэ мэхъу, адыгэ пшынэм и макъым зыщеIэт. Хэкурысхэм нэмыщI, абы къекIуэлIа зыплъыхьакIуэхэм ящIэ - мыр адыгэ щIыналъэщ.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Хьэлывэм и махуэм теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэр езыгъэкIуэкIыр Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист Беданокъуэ Замирэщ. Абы псоми фIэхъус гуапэ ярихри, псалъэ иритащ Бибэ Мурадин ипхъу, махуэшхуэр къызэзыгъэпэща гупым я унафэщI Гъыш Заремэ.

- Хьэлывэм и махуэр адыгэхэм я мызакъуэу, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я дежкIи махуэшхуэ зэрыхъуар ди гуапэщ. Мы Iуэхум хэтщ ди къэралым и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм къикIа хьэщIэхэр. Лъэпкъ шхыныгъуэр утыку къызэритхьэм и мызакъуэу, ди адэжьхэм къащIэна хабзэр, щыIэкIэпсэукIэр зэрытхъумэр къеГъэлъагъуэ мы махуэм, апхуэдэуи нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIахэм ди зэхэтыкIэр, пщэфIэкIэр, хьэщIэхуэфIу дызэрыщытыр ядогъащIэ. Мыпхуэдэ махуэхэм нэхъ гъунэгъу дызэхуащI, зэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ лъабжьэ яхуохьу.

Махуэшхуэ концертыр къызэIуихащ «Ошад» къэфакIуэ гупым. Абы и пашэ, АР-м щIыхь зиIэ и артист Едыдж Викторие мыпхуэдэ махуэшхуэхэм мыхьэнэ ин ирет, икIи и нэIэ щIэт ансамблым программэ хэха яхуэзэхелъхьэ. Апхуэдэ дыдэу екIуу зыкъагъэлъэгъуащ «Ашэмэз» гупми, мыбыхэм адыгэ уэрэдыжьхэр зэражаIэр Урысей псом цIэрыIуэ щыхъуащ.

«Синдикэ» къэфакIуэ гупми адыгэ щэнхабзэр утыку къихьэнымкIэ ялъэкI къагъэнакъым, «Удж-Сандракъыр», «Зэхуэкlуэр», «Зэгъэлъэтыр», «Лъапэтетыр», шэшэн, убых къафэхэр утыку кърахьащ. Лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэмкlэ «Бэгъэудж» ансамблым игъэдэхащ концертыр.

Махуэшхуэм хэтт Москва, Санкт-Петербург, Ростов, Ставрополь, Краснодар, Налшык къалэхэм къикIахэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Нэхъыжьхэм я советым и лIыкIуэу махуэшхуэм къеблэгъащ Мамыкъуэ Казбекрэ ГъутI Хъусенрэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщу Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ зэгухьэныгъэм и гуащэ Шэрджэс Расият, макъамэ Iэмэпсымэхэмкlэ «Псынэ», «Макъамэ» ансамблхэр хэтащ. КъБР-м щыщ уэрэджьIакIуэ ныбжьыщIэ ТхьэкIушынэ Iэдэм щытхъу тхылъкIэ хуэупсащ къызэгъэпэщакIуэхэр.

А махуэм екIуэкIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм и гугъу пщIымэ, Адыгейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа бзылъхугъэхэр я Iэдакъэщ1экIхэмкIэ зэпеуащ. «Нанэ и хьэлывэ», «Бысым гуащэм и хьэлывэ», «Нысэ Iэпэ», «Махуэшхуэ хьэлывэ», «Къэзыгъэзэжахэм я хьэлывэ» фIэщыгъэщIэхэмкIэ гуэшауэ Iэнэхэр къаузэдащ.

Бзылъхугъэхэм тхьэвыр щахум, абы дэлъынухэр щызэхащIэм, хьэлывэхэр щагъажьэм Беданокъуэ Замирэ ябгъэдыхьэурэ къызэхуэсахэм нэIуасэ яхуищIащ, япщэфIым и щIыкIэ щэхухэр жаригъэIащ. Хэт и хьэлывэр нэхъ пIащIэ, нэхъ IэфI, далъхьа кхъуейм щысхьа-щымысхьа, хэт шыгъукIэ егугъуа - а псори зэхагъэкIащ къэпщытакIуэхэм. А гупым хэтащ АР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан, АР-м и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ Вэрокъуэ Хьэлимэт, «Адыгей» КъТРК-м и режиссер Гъазий Бирэмхъан, гупым я пашэу щытащ тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэ ЛIыхъукI Азэмэт.

Зэхьэзэхуэм хэта бзылъхугъэ 24-м я Iэдакъэщ1экIхэр къалъыта нэужь, увыпIэхэр хуагуэшащ. Ябэ увыпIэр хуагъэфэщащ цIыхуи 7-м. Ахэр: Дэбагъуэ Саидэрэ Шэнтыжь ФатIимэрэ («Нанэ и хьэлывэ»), Кушмэз Мерэмрэ Хьэпсрокъуэ Асиетрэ («Бысым гуащэм и хьэлывэ»), Бжьащ1э Заирэ («Нысэ Iэпэ»), Бэрэтэрэ Марианнэ («Махуэшхуэ хьэлывэ»), КIыкIэ Мирэ («Къэзыгъэзэжахэм я хьэлывэ»). Нэхъыщ1э дыдэу зэпеуэм хэта Iэщым Алинэ илъэс 12 хъууэ аращ, ауэ Iуэхум нэхъ хуэIэзэхэм ящыщу къалъытэри, дыщэ тхьэгъу ираташ.

Зэпеуэм и Гран-при-р къэзыхьар АР-м и Красногвардейскэ районым щыщ Улап къуажэм дэс Агъыр Жаннэщ. Ар илъэсипщI хъуауэ хэтщ мы зэпеуэм икIи хьэлывэ лIэужьыгъуэу имыщIыф щыIэкъым, абы хуигъасэри куэдщ. Мызыгъуэгум Жаннэ и хьэлывэм Ритон теплъэр иIэу ищIат. «Ди жылэр, Улап, зэрыщIэрыIуэр абы и Iуащхьэхэм археологхэм къыщыщIаха, дыщэмрэ дыжьымрэ къыхэщIыкIа ритонырщ. Ар иджыпсту Къуэкlыпlэм щыпсэу лъэпкъхэм я музейуэ Москва дэтым щахъумэ. Къыхэгъэщыпхъэщ ар Адыгейм и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр», - жеIэ Жаннэ. Ритоным и теплъэр иIэу пхъэм къыхэщIыкIа Iэмэпсымэмкlэ хьэлывэр къыхагъэжурэ ягъэжьащ а махуэм. Аращ зэпеуэм къыхэзыгъэщари, ябэ увыпIэр щIыхуагъэфэщари.

«Нанэ и хьэлывэ» лIэужьыгъуэмкIэ ябэ увыпIэр къэзыхьа Кушмэз Мерэм Мейкъуапэ районым ит Совхознэ жылэм щопсэу. Абы и Iэдакъэщ1экIхэр зэрыIэфым нэмыщIу, хьэлывэхэр зэмыфэгъу дахэу, щхъуэкIэплъыкIэу игъэжьащ икIи жиIащ ар сабийхэм хуабжьу зэрафIэгъэщIэгъуэныр, гъуэгу гъуэмылэ пщIынуи зэрыфIыр.

Улап къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и гущэ Мэрчанэ Сусанэ жиIащ адыгэ кхъуейм хуэдэу адыгэ хьэлывэри лъэпкъыр зэрыгушхуэ ерыскъы - брэнд зэрыхъуар.

Ар дгъэлъэпIэн, тхъумэн, и гъэхьэзырыкIэр къыдэкIуэтей щIэблэм едгъэщIэн хуейщ. Лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ Хьэлывэм и махуэм хуэдэхэр сэбэпщ лъэпкъ шхыныгъуэхэр къэгъэщIэрэщIэжьынымкIэ, ди адэжьхэм къыткъуагъэна хабзэмрэ псэукIэмрэ тхъумэнымкIэ.

ТАУ Замирэ,
«Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ.

Хьэлэмэт ящыхъуат

Гъэмахуэр еджакIуэхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэман къудейкъым, атIэ икIи щысакъын хуей лъэхъэнэщ. Абы къриубыдэу куэдкIэ нэхъыбэ мэхъу сабийхэм ехьэлIауэ къэхъухэр. Ныбжьыщ Iэхэм я зыгъэпсэхугъуэр шынагъуэншэу къыззгъэпэщыныр абы пыщIа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я къалэн нэхъыщхьэхэм язщ.

«СИ ЗЫГЪЭПСЭХУГЪУЭ шынагъуэншэхэр» Iуэхум хьхьэу «ДыгъафIэ къалэ» сабий творчествэмкIэ академием щекIуэкIащ сакъыным теухуа Iуэху щхьэпэхэр.

Къызэрымыкlуэ щытыкIэхэмкIэ ведомствэм и лэжьакIуэхэм ныбжьыщIэхэм жраIащ мафIэсхэр нэхъыбэу къззышэ щхьэусыгъуэхэр, мафIэм уриджэгуныр зэрышынагъуэр, къэхъу хъужыкъуэмэ, МЧС-р 101 телефонымкIэ къызэребджэнур. Сабийхэм ягу къагъэкIыжащ щытыкIэ къызэрымыкIуэ къэхъумэ ящIапхъэхэр, мафIэсыр гъэункIыфIынымкIэ Iэмэпсымэхэмрэ ахэр къызэрагъэсэбэп щыкIэмрэ ирагъэщIащ.

ЦIыхухэм я шынагъуэншагъэм псыхэм щыкIэлъыплъ къудамэм и инспекторхэр сабийхэм яхутепсэлъыхьащ гуэлхэм зыщыщагъэпскIкIэ зытетыпхъэ хабзэхэм икIи абы теухуа буклетхэр хуагуэшащ.

Сабийхэм гъуэгухэм фэбжь щагъуэтыныр къэмыгъэхъун мурадкIэ полицэм и лэжьакIуэхэм ныбжьыщIэхэм драгъэкIуэкIащ абыхэм зэрыщызекIуэ хабзэм теухуа дерсхэр. Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм ныбжьыщIэхэм гурагъэIуащ гъуэгу дамыгъэхэмрэ светофорым и плъыфэхэмрэ къарыкIыр, ягу къагъэкIыжащ машинэ щызекIуэ гъуэгум лъэсырыкIуэхэри лъакъуэрыгъажэхэм, нэгъуэщIу къызэражыхьхэм тесхэри шынагъуэншэу зэрызэпрыкIыпхъэр. Гулъытэншэуи къагъэнакъым транспортым щискIи сакъын зэрыхуейр.

Псори дэзыхьэхат гузэвэгъуэ хэхуа цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэ езыт IэнатIэхэм я автомашинэхэр щагъэлъэгъуа утыкур. Академием и пщIантIэм абыхэм къащыпэплъэрт мафIэсгъэункIыфI автоцистернэрэ ДПС-м и плъыр машинэмрэ. Сабийхэр ирагъэплъащ мафIэсгъэункIыфI машинэр къызэрызэгъэпэщахэм, езы лэжьакIуэхэри зэрызэщIэузэдам. НыбжьыщIэхэм яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхьащ техникэр, мафIэсгъэункIыфIым и щагъыныр езыхэми зрагъэпщащ, сабийхэм ящыщ куэдыр машинэм и рулым дэсащ. Псалъэмакъым къыпащэу ирагъэлъэгъуащ Гъуэгум щыплъыр хабзэхъумэхэм я машинэр. НыбжьыщIэхэм зрагъэщIащ ар къызэрызэгъэпэщар, зызыгъэпсэху псори макъыр ину зыгъэIу IэмэпсымэхэмкIэ къыхураджащ гъуэгу шынагъуэншагъэм и хабзэм тетыну, сакъыну. Инспекторхэм ягъэлъэгъуащ светофорыр щымылажьэм деж абы и къалэнхэр зыгъэзащIэ цIыхум и Iэхэр зэрищIымрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ.

Дунейм и хуабэгъуэм мафIэс къэхъуа хуэдэу къызыщагъэхъури, ар ягъэункIыфIныныр зэрагъэлъэгъуари псоми яфIэгъэщIэгъуэнащ.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм мыпхуэдэ профилактикэ Iуэхухэр егъэкIуэкIыныр икъукIэ узыхуейщ. Абыхэм сабийхэр хуагъасэ унагъуэми, щIыуэпсми, нэгъуэщIу гъащIэм епха щытыкIэхэми шынагъуэншэу зыщыIыгъыным, апхуэдэуи зрагъащIэ щытыкIэ къызэрымыкIуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрикIыпхъэр.

Iуэху щхьэпэхэр къызэрагъэпэщащ щIыналъэ МЧС-м и лэжьакIуэхэмрэ Къэрал автоинспекцэм и лIыкIуэхэмрэ.

Ныбжьыщ Iэхэм гукъинэж ящыхъуа куэд ялъэгъуащ, нэхъыщхьэращи, сэбэп къахуэхъунухэри мымащIэу зрагъэщIащ. Арэзы хъуа сабийхэм я хьэщIэхэм фIыщIэ хуащIащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Политикэ партхэм

Фашизмэм пэщIэтщ

Хэку зауэшхуэр щыщIидза махуэм ирихьэлIэу «Российская газета»-м къытехуащ «ЛДПР-м ХХI лIэщIыгъуэм и гупсысэ нэхъыщхьэр фашизмэм пэщIэтынырщ» тхыгъэр, ЛДПР-м и унафэщI Слуцкий Леонид и Iэдакъэщ Iэкlыр.

«ФАШИЗМЭР къызэрыунэхуам, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуам, зэрыува сэфэтхэм, ар цIыхухэм зэран зэрыхуэхъуам, ди зэхэтыкIэм зэрызригъэхъуэжам теухуащ тхыгъэр. Къищынэмыщ Iауэ, абы къеIуатэ нобэрей фашизмэр япэрейм нэхърэ нэхъ шынагъуэу къыщIалъытэм и щхьэусыгъуэр, дзэ Iуэху хэхар къызэрежьэрэ абы игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир мызэ-мытIэу тепсэлъыхьащ дзэ Iуэху хэхар зэхаублэн хуей щIэхъуам. Арами, цIыхухэм упщIэ куэд къахуэнащ абы теухуауэ. Пэжщ, дызэкъуэтщ, зыр адрейм дыдэIэпыкъужу мы лъэхъэнэ хьэлъэм дыкъызэрикIыным дыпылъщ, арами, языныкъуэхэм къагурыIуэркъым а зэгурымыIуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуар. Хъугъуэфl Iыгъуэхэм я экономикэм йокIуэлIэж псори. Урысейм иIэщ щIышхуэ, гъущI, щIы дагъэ, дыщэ, налкъутналмэсхэр, мэз Iувхэр, псы къабзэхэр. ИкIи а псоми илъэси 100-м щIигъуауэ англосаксхэр къощакIуэ. Гитлер Адольф зэгуэр и пщэ дилъхьэжауэ щыта Iуэхугъуэшхуэхэр нобэ зыгъэзащIэр джэгуакIуэщIэхэрщ: интернетым къыщрахьэкI хъыбар нэпцIхэр, украин националистхэр, ди «щхьэкIэ» дзыхьщIыгъуэджэхэр. А псори ЛДПР-м къилъытэри, къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжащ фашизмэм пэщIэтыныр», - къыхигъэщащ Слуцкэм.

ЛДПР-м и унафэщIхэм зэрыжаIэмкIэ, Урысейр апхуэдэ щытыкIэ ирагъэуващи, илъэси 100 зыужьыныгъэр илъэси 10-м къриубыдэу игъэзэщIэн хуейщ. Алъандэрэ зэи зыми зэрамылъэгъуауэ псынщIэу техникэщIэм хэгъэхъуапхъэщ. Абы и закъуэкъым - зыужьыныгъэм декIуу цIыхухэми зауэзащIэн хуейщ. Ар къыдэхъулIэн папщIэ, щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ тедмыгъащIэу хъунукъым. Унафэщ Iхэм къыхалъхьащ курыт еджапIэр фIы дыдэу къззыухахэм фIэкIа техникэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм къамыщтэну.

«Ди нэр къызэтетхыу, щIэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэм дыкъызэрыкIэрыхур къыдгурымыIуэу хъунукъым», - къыхегъэщ ЛДПР-м и унафэщIым.

Къулыкъущ Iэм зэрыжиIэмкIэ, цIыхухэм къагурыгъэIуэн хуейщ дызыпэщIэувар зищIысымрэ абы щхьэусыгъуэ хуэхъуамрэ. Зэхьэзэхуэр щызэхаублар 2022 гъэм и мазаеракъым, атIэ илъэси 100 ипэкIэщ!

«ХХ - ХХI лIэщIыгъуэхэм ди нэгу щIэкIа фашизмэр зэхуэдэкъым, ауэ зы гупсысэщ ящIэлъыр. Нэхъапэми хуэдэу, миллиардкIэ бжэхэмрэ абыхэм я пэщIэщIэгъуэхэмрэ геополитикэ утыкур яубыдыну пылъщ», - къеIуатэ тхыгъэм.

Слуцкэм зэрыжиIэмкIэ, фашизмэм пэщIэтыныр ЛДПР-м и къалэн нэхъыщхьэу къагъэщIащ а партыр. «Фашизмэм и тхыдэм уриплъэмэ, Урысейр сытым дежи пэщIэтащ абы. Дэ хэкIыпIэу диIэр зыщ – мамырыгъэмрэ фIымрэ дыщIэхъуэпсу, лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ ди гъуэгугъэлъагъуэу щIэблэ дахэ дгъэсэнырщ. Ди лъэпкъ тхыдэм щыгъуазэрэ абы Iущыгъэ къыхахауэ», - етх къулыкъущIэм.

ЛДПР-м КъБР-м щиIэ къудамэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 1, *щэбэт*

♦**Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Зауэ зэпэщIэтыныгъэм хэта ветеранхэм я махуэщ**
♦**1957 гъэм** Москва и Театр Иным щызэхэтащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм ята иужьрей концертыр.
♦**1981 гъэм** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретару хахащ.
♦**1934 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джатэгъэжь Владимир**.
♦**1980 гъэм** къалъхуащ Китайм и къалащхьэ Пекин къалэм 2008 гъэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм алыдж-урым бэнэкIэ лIэужьыгъуэмкIэ чемпион щыхъуа **Хъущт Аслъэнбэч**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 2, *тхьэмахуэ*

♦**Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ**
♦**Тенджыз, псы флотым и лэжьакIуэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Днепр псым и дунейпсо махуэщ**
♦**Уфологым и дунейпсо махуэщ**
♦**1964 гъэм** «Къэббалъкъгаз» Iуэхущ IапIэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1913 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакIуэ **Гъуэщокъуэ Хъусин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 3, *блыщхьэ*

♦**ГИБДД-м (ГАИ-м) и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**
♦**1957 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етIуанэу къыхуагъэфэщащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

● Фэеплъ

Ди гум уилъынущ

ЦIыхум и Iуэхущ Iафэ дахэхэрщ дунейм къытенэр. Апхуэдэ куэд къигъэнащ щхьэх жыхуаIэр имыщIэу зыкъыхуэзыгъазэ дэтхэнэми сэбэп яхуэхъуа КIэрашэ Михаил Хьэзрит и къуэм. Ар цIыху жант, гъащIэм гукъыдэж ин хуиIэт. Арат къыщIемыхьэлъэкIри зыгуэрым и Iуэху худэгъэкIыныр.

КIЭРАШЭР 1947 гъэм накъыгъэм и 9-м Курп Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и угъурлагъыр етпхырт къыщалъхуа махуэр ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр щагъэлъапIэм зэрытехуам.

Мишэ (арат дызэреджэр) 1971 гъэм Орджоникидзе къыщиухат медицинэ институтыр. 1976 гъэм Къэзан къэрал медицинэ институтым ординатурэр къыщиухыжащ.

И гуащIэ емыблэжу ар илъэс 45-кIэ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм пэрытащ - Тэрч къалэм пIалъэ къызыхэкI мыхъуну дэIэпыкъуныгъэ псынщIэм, Налшык къалэм санавиацэмкIэ дохутыру. Зэман зэхуэмыдэхэм анестезиолог-реаниматолог IэнатIэр Къэзан, Тэрч, Налшык къалэхэм щрихьэкIащ, иужькIэ Ереванрэ Налшыкрэ психиатр-наркологыу щылэжьащ. КIэрашэр КъБР-м и наркологие диспансерым наркологиемкIэ, гипербароческэ оксигенацэмкIэ и къудамэхэм я унафэщIу лэжьащ.

Иужьрей илъэс зыбжанэм абы дунейм къытригъэхьащ тхылъищрэ («Белэмыкъуэ», «КIэрашэхэ я лъэпкъыр», «Къаншыуей») сурэт альбомрэ (зэклассэгъухэм я сурэт гъэтIылъыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ).



КIэрашэм и гукъэкIыжхэмрэ хъыбархэмрэ куэдрэ къытрадзащ «Адыгэ псалъэ», «Советская молодёжь», «Терек» газетхэм. Къыщалъхуа и къуажэр, абы къыдэкIа лIыхъужьхэр, и Iыхьлыхэр, и ныбжьэгъухэр зэи абы зыщигъэгъупщакъым. ИкъукIэ дигу къоуэ нобэ ар къызэрытхэмытыжыр.

И Iыхьлыхэр, и ныбжьэгъухэр.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гум къэмыкI лажьэ къыпщыщIыркъым.

Гъуэгу махуэ!

● Щэблэ

Нартан дэт школ №1-м мы гъэм къыщIэкI ныбжьыщIэхэм я аттестатхэр щратыжа пшыхьыр гуапэу екIуэкIащ. Ар къыщIадзащ Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкIэ. Классыр хабжащ ехъулIэныгъэ нэхъыбэ зыгъэлъэгъуахэм, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, олимпиадэхэм абыхэм текIуэныгъэ куэд къыщахьащ. Школыр дыщэ медалкIэ къаухащ Ныр Эвелинэ, Хьэгъэбанэ Залинэ, Къардэн ФатIимэ сымэ.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ, ахэр езыгъэджахэм, адэ-анэхэм, хьэщIэхэм гуапэу захуигъэзащ школым и унафэщI **Щоджэн Руслан**:

- Япэрауэ, захузогъазэ ди нэIэ щIэтахэм. Нобэ балигъ фыхъуащ, жэуаплныгъэхэр фхьынущ дяпэкIэ. Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэфI, насып дахэ Тхьэм къывит! Сыхуейт, къэрал экзаменхэр зэрекIуэкIам, ди школыр абы къызэрыхэщам сыкъытеувыIэну. УрысыбзэмкIэ, математикэмкIэ, обществознаниемкIэ, географиемкIэ ди хъыджэбзхэмрэ щIалэхэмрэ Зыуэ щыт къэрал экзаменым къыщахьа баллхэр щIыналъэми республикэми щынэхъыбэхэм ящыщщ. ТхыдэмкIэ республикэм нэхъыфI дыдэу къыщалъытащ Хьэгъэбанэ Залинэ и лэжьыгъэр - балли 100-кIэ игъэзэщIащ.

ПщIэ зыхуэтщI адэ-анэхэ, апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр фэри фи фIыгъэщ. Быныр гъэсэным, еджэным тегъэгушхуэным теухууэ фыщхьэхакъым. Фи щIалэхэм, хъыджэбзхэм я ехъулIэныгъэфIхэм дяпэкIи фыщыгуфIыкIыу Тхьэм куэдрэ фащхьэщигъэт!

Аттестат зыIэрыхьэж ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ Шэджэм щIыналъэм и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сэбан Заурбэч**.

- Ныщхьэбэ фи нэгум гуфIэгъуэ къызэрырихым хуэдэу, гъащIэ дахэ фиIэну сыфхуохъуахъуэ. IэщIагъэу фызэхъуапсэм Тхьэм фи насып хилъхьэ, Фэ школкIи фехъулIащ, къапщтэмэ. Нартан дэт школ №1-р республикэм щынэхъыфIхэм хабжэ, фезыгъэджахэр я гуащIэ еблэжакъым щIэныгъэ лъабжьэ быдэ фиIэным теухууэ, - жиIащ абы.

Шэджэм щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ **Ало Ислъам** балигъ гъащIэм хыхьэхэм ехъуэхъуащ щIэныгъэ куу зэрагъэгъуэтыну, насып яIэну.

- Псом нэхърэ нэхъыфIыр, нэхъ гуапэр, нэхъ щIэщыгъуэр къывэхъулIэну сыхуейщ. Фи щIалэгъуэм куэду хрет гуфIэгъуэ, щIэныгъэ, лъагъуныгъэ. Гъуэгу махуэ! - яжриIащ ныбжьыщIэхэм я класс унафэщI **Мэшыкъуэ Алёнэ**.

Школыр къэзыухъэм я япэ егъэджакIуэ **Шэджэм Жанетэ** абыхэм ехъуэхъуащ гъуэгу дахэ къыхахыну, пэжым тетыну, я мурадхэм лъэIэсыну, адэ-анэхэр куэдрэ ягъэгуфIэну.

Адэ-анэхэм къабгъэдэкIыу пшыхьым къыщыпсэлъащ **Хьэгъэбанэ ФатIимэ**.

- Сыхуейщ, япэрауэ, ныбжьыщIэхэм захуэзгъэзэну: дэнэкIэ вгъазэми, гъуэгу дахэ Тхьэм фытригъэувэ! ЩIэныгъэм фыхуэпабгъэ, хэлъэт зивгъэIэ, пэжым фрителъхьэ, гуапэу фыщыти, фи гум ифлъхьэ фIыгъуэхэр къывэхъулIэнущ. Адэ-анэхэм къабгъэдэкIыу школым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ фхузощI. Ди бынхэр къэкIуащ гурэ псэкIэ егъэджакIуэ цIэм хуэпэжхэр щылажьэ школым. Дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ къыхуэвгъуэтащ, щхьэж нэхъ зыдихьэхыр хуэвгъэдэхащ, еджэным девгъэхьэхащ, цIыхугъэ яхэлъным хуэвущиящ. Тхьэм фигъэпсэу!

Пшыхьым кърихьэлIахэр ирагъэплъащ ныбжьыщIэхэм ягъэхьэзыра концертым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ЛъагапIэщIэхэм хуопабгъэ пщащэ акъылыфIэхэр

Айнэ

Саидэ

Гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм исщ щIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ зиIэ щIалэгъуалэ. Зрагъэгъуэта IэщIагъэ и лъэныкъуэкIэ ябгъэдэлъ беягъ псори щалъхуа щIыналъэр, зыщыщ къэралыр егъэфIэкIуэным, абы и зыужьыныгъэм хьэлэлу хуэзыгъэлажьэ а зи щIалэгъуэхэм илъэс къэс къахохъуэ езыхэм яхуэдэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапIэ цIэрыIуэхэм, адрейхэм фIыуэ ялъэгъуа IэщIагъэм и щэху псоми щыгъуазэ зыщыхуащIащ Москва, Санкт-Петербург, Урысей Федерацэм и адрей къалэшхуэхэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм.

ИУЖЬРЕЙХЭМ ящыщщ юрист ныбжьыщIэ Бауаевэ Айнэ. Пщащэ цIыкIум щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Кутафин Олег и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал юридическэ университетым (МКъЮА). Къыхэдгъэщынщи, а еджапIэ нэхъыщхьэр халъытэ юрист IэщIагъэм нэхъыфIу хуезыгъаджэ IуэхущIапIэу ди къэралым щылажьэхэм. Академие цIэр зезыхьэу куэдрэ къекIуэкIа а еджапIэм илъэс 11 лъандэрэ къэрал университет мыхьэнэр игъуэтащ. А университетым правэмкIэ и къудамэм щеджащ ди лъахэгъу пщащэ Айнэ икIи мы гъэм ар диплом плъыжькIэ къиухащ.

Бауаевэ Айнэ ар и япэ ехъулIэныгъэкъым. И ныбжькIэ щIалэ дыдэми, хъыджэбз акъылыфIэр нэхъапэми щытащ зыхэтым лъэныкъуэ куэдкIэ фIыкIэ къахэщу. Налшык дэт гимназие №4-м щIэса пщащэ цIыкIум купщIафIэу, текIуэныгъэрэ ехъулIэныгъэ куэдкIэ гъэнщIауэ ирихьэкIащ школ илъэсхэр. Айнэ дапщэщи жыджэру хэтащ зыщеджэ школым, республикэм, къэралым щекIуэкI олимпиадэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Зэкъым икIи тIэукъым ар урысейпсо зэпеуэхэм я утыку зэрихьар, щIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ зэрыбгъэдэлъыр наIуэ къищIу. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Бауаевэр нэхъыфIхэм щыхалъыта правэмкIэ урысейпсо олимпиадэр, Москва къэрал университетым обществознаниемкIэ къыззригъэпэща зэпеуэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ текIуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къапэкIуащ гимназием и унафэщIхэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, МКъУ-м къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Пщащэр апхуэдэу ящыщащ 2018 - 2019 гъэ еджэгъуэм екIуэкIа Зыуэ щыт къэрал къэпщытэныгъэхэм (ЕГЭ) урысыбзэмкIэ щIэныгъэ куу къыщызыгъэлъэгъуахэм, балли 100 къыщызыхьахэм. Гимназиер дыщэ медалкIэ къэзыуха ныбжьыщIэм хуагъэфэщауэ щытащ аттестат «плъыжьыр», «Еджэным щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм папщIэ» псалъэхэр зытет къэрал дамыгъэри щIыгъуу. Бауаевэр гимназие №4-р зэрыгушхуэ, зэрыпагэ и гъэсэнхэм ящыщщ.

Апхуэдэ щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ Айнэ лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ Москва дэт къэрал юридическэ университетым. Зэрихабзэу, Бауаевэр абыи щIэсащ, студент нэхъыфIхэм халъытэу. ФIы дыдэу зэреджэм къыдэкIуэу, Айнэ жыджэру хэтащ университетым щекIуэкI щIэныгъэ IуэхухэмI, жылагъуэ гъащIэм. Пщащэ акъылыфIэм гу кхылъатэри, хагъэхьауэ щытащ МКъЮА-м и Студентхэм я щIэныгъэ зэгухьэныгъэм. Абы хэту иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр и тегъэщIапIэу, Бауаевэм мызэ-мытIэу игъэхьэзыращ икIи кхытрыригъэдзащ и кхалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэ статьяхэр. Студентхэм я щIэныгъэ зэгухьэныгъэм, МКъЮА-м къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къапэкIуащ а лэжьыгъэ купщIафIэхэм.

ПсыхэкIуадэ хъуакъым ди лъахэгъу пщащэм ерыщу зригъэгъуэта щIэныгъэ куур, зэфIэкI лъагэхэр. Абыхэм я щыхьэту Бауаевэ Айнэ къыхуагъэфэщащ юрист IэщIагъэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэр ехъулIэныгъэкIэ къызэриухам щыхьэт техъуэ диплом плъыжьыр, щIыхь тхылъыр, саугъэтхэр. Афэрым, Айнэ!

Шыпхъу нэхъыжьым и щапхъэ дахэр гъэзугъэлъагъуэ хуэхъуащ нэхъыщIэ Саидэ. Ари, Айнэ хуэдэу, жыджэру хэтащ школакIуэхэм я урысейпсо зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, текIуэныгъэхэр зыIэригъэхьэу. Пщащэ цIыкIум фIы дыдэу къиухащ Налшык дэт гимназие №4-р, аттестат «плъыжьыр», «Еджэным щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм папщIэ» псалъэхэр зытет дыщэ медалрэ щIыхь тхылъымрэ и Iэрылъхьэу. Иджы Саидэ яужь итщ бгъэдэлъ щIэныгъэм еджапIэ нэхъыщхьэм щыхигъэхъуэну. И мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ лъэIэсыну ди гуапэщ.

Ди лъахэр зэрыгушхуэ пщащэхэм, Бауаевхэ Айнэрэ Саидэрэ, дохъуэхъу еджэным щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэр гъащIэм лъэ быдэкIэ зэрыхэувэфын Iэмалыфl яхуэхъуну. Дыхуейщ зэшыпхъу дахэхэм фи пщIэр лъагэрэ фи псэр къабзэу, фи насып вагъуэр уэгум иту, зи щэнымрэ акъылымрэ санэхуафэр хуаIэт бгырыс пщащэ екIуу фыпсэуну. Фи унагъуэм исхэр, благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ фэркIэ гушхуэу, гуфIэгъуэ кIэншэр фи Iэпэгъуу гъащIэ дахэрэ насып инкIэ Тхьэр къыфхуэупсэну, щIэныгъэм и лъагапIэщIэхэм фынэсыну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Хъыбар гуапэ

Утыкушхуэм зэрихьам къыдэкIуэу

Хьэмокъуэ Олег триха, нэхъапэIуэкIэ ди къэралым и кинотеатрхэми Китайми щагъэлъэгъуа «Гузэрыдзэ» адыгэ фильмым и ехъулIэныгъэшхуэщ «Дыщэ тепщэч» ещанэ кино саугъэтым и шорт-листым зэрыхэхуар. Ар зэуэ унэтIыныгъэ зыбжанэм щынэхъыфIу къалъытащ.

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, «ЛъэпкъыбзэкIэ траха фильм нэхъыфI» (Хьэмокъуэ Олег), «Режиссёр нэхъыфI» (Хьэмокъуэ Олег), «Дебют» (Хьэмокъуэ Олег), «Сценарий нэхъыфI» (Къаныкъуэ Заринэ), «Композитор нэхъыфI» (Къэбэрдокъуэ Мурат), «ЦIыхухъу роль нэхъыфI» (Сэралъп Роберт), «ЦIыхубз роль нэхъыфI» (Мамрэш Светланэ) унэтIыныгъэхэмкIэ пашэ хъуащ «Гузэрыдзэр».

КъэпщытакIуэ гупымрэ фильмым еплъахэмрэ я IэIэтхэм кърикIуахэм теухууэ саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэр Къэзан и Рамеев Башир и цIэр зезыхьэ ИТ-паркым бадзэуэгъуэм и 29-м щагъэлъэпIэнущ.

ЗэIущIэр екIуэкIынущ Тэтэрстан Республикэм ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэр я щIэгъэкъуэну.

БЛИЙ Даянэ.

Зулий и гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр

● Сабийхэм папщIэ Iуэтэж

Иужьрей уэзджынэр къоуэри, цIыкIухэр школ пщIантIэм къызэрыдохыж. Пщэдей сыщIэдзауэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэщ. ЩыIэу пIэрэ Зулий хуэдэу а махуэм гъэкIэ пэплъэ. Нэху къызэрекIыу ар кIуэнущ Анзорей - и анэшым...

Мес, мамэ шифонерым допэщэщыхь. Иджыпсту абы къыдихынущ шифон щхъуэпсым къыхэщIыкIа и гъэмахуэ бостейр. ИтIанэ, абы ету тридзэнурэ, шэнт къуапэм фIидзэжынущ. Мамэ пIащIэркъым. Ухуеймэ еплъи, а кърихьэжьар зригъэтIылъэкIынурэ, унагъуэ Iуэху кIапэлъапэхэм яужь ихьэжынущ. АдэкIэ сыт хуэдизрэ зытIэжьэнуми зыми ищIэркъым. Арат абы къытехьэлъэр. Хуитыкъуауэ къыжьэдэкIа зы упщIэ къызэрыгуэкIми къыхуэмыгъэс и хъуэпсапIэр зэхикъутэжынри хэлът. Зулий ар ещIэри, зыри жимыIэу Iуфэлъафэр къекIухь. Дапщэрэ къэхъурэ, и нэм щынэсым, щIегъуэжрэ, тIысыжу. Апхуэдэхэм деж игъэкъуэншэжри Зулийщ - жиIар ищIакъым... КъимыдэкIэ, унагъуэм ис псоми хуит къащIын хуейщ: папэ, зэрихабзэу, анэш гугъу щызэхихкIэ къытехьэнущ, нанэ зыри жиIэнукъым, папэ фIэлIыкIынурэ. Арыншами, сыт щыгъуи Ла (аращ Зулий и анэшхуэ Лейла зэреджэр) нэхъыфIу илъагъуу къыщохъу...

Къуажэм кIуэ автобус гъуэжьыыхуэм Зулийрэ и анэмрэ йотIысхьэ. Нэщхъейуэ куэбжэпэм къытена нанэ щхьэгъубжэмкIэ Iэ къыхуещI. И гур щIоуз апхуэдэхэм деж нанэ. Хьэблэр къаухыу, ар нэм къимыубыдыжыху автобус щхьэгъубжэм егъэкъуа и щхьэр къыкIэрихынукъым абы. Щхьэ апхуэдизу фIэгуэныхь хъурэ абы зи закъуэу къэна нанэ... Ауэ сыт ищIэн, куэд лъандэрэ имылъэгъуа адрей и анэшхуэри и нэгум щIэтщ.

Анзорей нэсахэщ. Къуажэкум автобусым хуиту зыкъыщегъэшри, къокIхэр. Дэзыдзых уэрам цIыкIум зэрытехьэу, хьэблэдэс зыхуэзэхэм IэплIэшхуэ къыхуащIурэ блокI Зулийрэ и анэмрэ. Псори къащогуфIыкI, къащIоупщIэ. Мамэ фIыуэ къалъагъу къыщалъхуа хьэблэм дэс псоми. И псэм ищIа хуэдэ, Лаи къыдэкIауэ жыжьэу къоплъэ. Анэм и пэ ищауэ Зулий здэжэм, игу къокI: Ла лIэмэ, дауэ ахэр зэрыхъунур?... Ар зэгуэр къэхъункIэ зэрыхъунум и Iыгъат ар къакIэлъыплъу куэбжэпэм къытена нанэ щыхуеплъэкIыжми.

Анэш пщIантIэм зэрыдыхьэу, МситкIэ зэджэ хьэ къуэлэн Iэпсыгъуэ-лъэпсыгъуэр банэу къожажьэ. Я хъуреягъыр кьеуфэрэзыхь-кьеуфэрэзыхьри, щIэх дыдэу зеущэхуж. Адрейхэм ящхькъым абы и бэнэкIэри: пщIэуныр кIыхьу иришэжьэнщи, зэкIэлъыпIащIэу къыкIэлъыбэнэжьынщ, дыгъужь къугъ фIэкIа умыщIэу. Зулий зэрищIэжрэ Ларэ дадэрэ ящIыгъущ ар. Жьы цIыкIуи хъущ Мсит, арщхьэкIэ зиIыгъщ. Си Iуэхуи пхъэ куэбжэм и кIыргъ макъ къыIурыцырхъауэ ар щыгъэси, итIани, дадэ гъэпсалъи, Мсит жьажьэ хъуарэ, уеблэмэ фIыуи зэхимыхыжу жеIэ. Апхуэдэхэм деж зыми зыкъримыгъащIэу мэгузавэ Зулий. Мсити яхэтщ Зулий щэхуу игъафIэ дуней кIапэ цIыкIум. Я деж иджыри щыIэу анэшыр игу къыщихьэм деж, япэу и нэгу къыщIыхьэри аращ, Мситщ: пхъэ куэбжэм ищI макъым зэуэ къыпоувэ хьэ банэ макъри, щIэуэршэрыкIыу куэбжэпэм блэж псы Iэрышэр, зи щхьэкIэм нэмыплъысу абы щхьэщыт щихужьыр... я дэтхэнэри псэм къохуэбылIэ.

ПщIантIэдэс щыгъыныр пIащIэу зыщетIагъэри, Ла хадэм ирешэ апхуэдизрэ зыпэплъа пхъурылъхур. Зи гъунапкъэм унэмыплъыс нартыхупкъэм и бгъуитIыр санэ плъыжьщ. Ар иджы хуэдэ зэманым мэхъу. Абы куэдкIэ къыкIэрыхуркъым мэракIуэ хужьыр. Абы анэшхуэм зэи сабийхэм я закъуэ дригъэкIуейркъым. Мо и Iэдий къаруфIэхэмкIэ жыгыр быдэу иубыдынщи, ар я пкIэлъейуэ дригъэкIуеинщ, зы Iэдийм фIэкIмэ адрейр къыпэщIидзурэ. ПщIантIэмкIэ укъыдыхьэжмэ, жызумей щIагъым ущIэту укIуэурэ уозэш. ЩыпIэщIыпIэкIэ абы къыхоплъ, зи хъугъуэ нэмыса дей абрагъуэхэр. Ахэри сабийуэ пщIантIэм къыдыхьэжым я зырызыххэу хухасащ Ларэ дадэрэ. Зулий и жыгыр нэкIэ къелъыхъуэж. Ар нэхъри нэхъ лъагэжу дэкIеящ хъыджэбз цIыкIур къызэрымыкIуа зэманым.

Ларэ дадэрэ я уэршэр макъыр пщэфIапIэмкIэ къыщIоIукI. Дадэ езыр псэлъэрейкъым. Зулий ифIэфIщ дадэ губгъуэм дэкIын ипэ а тIум я пщэдджыжь уэршэр цIыкIур. Бзум кIыргъ щыжиIэм къызэфIэувэнщ Лаи, утыкум адыгэ Iэнэ хъуреишхуэр къригъэувэнщ. Дапщэщи хунэса жыпIэу, абы къытрилъхьэнщ бахъэр къыщхьэщихыу хьэку дэпымкIэ игъэжьа мэжаджэ пщтырыр. Абы щIыгъущ шэ щIэгъэпщтхьа Iув. Зулии къызэрытеджу ар къыхутригъэувэнущ. Абы иужькIэ Ла кърипщэфIыкIыну жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ.

Ларэ дадэрэ я пщэдджыжьыышхэр зэфIэкIащ щыжыпIэми, занщIэу къэтэджыж я хабзэкъым, дунейр нэхутхьэху къэхъуху уэршэрыжу щысыжынухэщ, дадэ хъыбарыжьыр къришу, апщIондэху кIуркIуркIуу Ла щIэдыхьэшхыкIыу. Артист фIэкIа пщIэнкъым дадэ губгъуэм къыдит и ныбжьэгъу лIыжьхэм защыпищIыжкIэ. Зулий и тхьэкIумэр гъэкIауэ якIэщIодэIухь. ЯщIэххэркъым щIыкIур къэушауи. Уэршэрынри зэфIокIри, дадэ шыгу зэщIэщIам ису докI. Абы иужькIэщ унагъуэр къыщызэфIэувэр. Iэнэ хъурейм иджы пэрытIысхьэнущ чэзур къызылъысахэр. ГъэщIэгъуэныракъэ, адэкIэ къыщыт стIол нэщIышхуэм зыри бгъэдэтIысхьэну хуейкъым. Iэнэ закъуэрщ псоми нэхъ къащтэр. Гъуэплъ хъужауэ мо бжей къабзэм къыхэщIыкIа Iэнащхьэр гъущI кIапсэ быдэкIэ тIууэ зэпхыжащ, зэхуэдитIу зэгуэщIыкIауэ зэрыщытар наIуэу. Ла къызэриуэтэжамкIэ, куэд зи нэгу щIэкIа Iэнэт ар.

Нэмыцэр Анзорей къыщыдыхьэм, япэу тIысыпIэ ящIахэм ящыщт Къэлакуэхэ Темыркъанрэ Лейларэ я унэр. Зэрыгурыуэгъуэти, зэрыпхъуакIуэхэм я Iэпэ зыпекIуэкI къагъанэртэкъым. Iэнэри абыхэм нэ зращахэм яхэхуэри, пхъэ гъэсыным халъхьат, адрей я унэлъащIэ тIэкIухэм ягъусэу. Псори псот, ауэ Ла игу къеуэпат и адэм и IэкIэ хуищIауэ фэеплъу зэрихьэ Iэнэ закъуэр. Бийр дахужа нэужь, Iэнэ къутар ягъэсыну хунэмыса пхъэ зэтелъхэм къахигъуэтэжри, игъэтIылъыжащ, зауэм щыIэ и щхьэгъусэр къэкIуэжу, ар зэкIэриIулIэжыным пигъаплъэу. Апхуэдэущ зэрыхъуари. Иджы мис, быным я быныжхэр пэрысщ а адыгэ Iэнэ лъакъуищым. Абы лъандэрэ псы куэди ежэхащ, ауэ Iэнэр зы махуэ ерыскъыншэ хъуакъым. ПщэдджыжьышхэрэзэфIэкIа къудейуэ, Ла пхъурылъхум Iэ хуещIри, адрей унэ пхыдзамкIэ щIешэ. Абы зэи зыри щIэскъым - Ла и гъэтIылъпIэщ. Пэш Iэхуитлъэхуитым и курыкупсэм ит хьэкушхуэм бжьыхьэр къэсыху хуэрэджэ, кхъужь, санэ щегъавэ. ИужькIэ ар мэрэзейуэ трекIэжри, щэкI тажджэ хуэдэ щызэтрелъхьэ унащхьэм щIэуэ пхъэ телъхьэпIэ бгъуфIэхэм. ГуащIэу ухуей, IэфIу ухуей - щыIэкъым имыIэ лIэужьыгъуэ. Зулий къыгуроIуэ Ла зыгуэркIэ игъэгуфIэну зэрыхуейр, ар зиIысынкIэ хъунум поплъэ, къыхуэмыгъэсу.

Зулий и нэм илъагъур фIэщщIыгъуейщ: пэшышхуэм щыщ хэмылъыжу, пхъэ чий нэрынэу докIуей. Абыхэм я дэтхэнэми тезу тесщ, игъащIэм имылъэгъуа хьэпIацIэ хужьыбзэхэр. Ахэр машхэ макъыышхуэ ирагъэщIу. Щыщ хэмылъыжу къагъухьа тут мэракIуэ тхьэмпэхэм йоплъ, зыхуихьынур имыщIэу.

- Умышынэ, мыр шылэ хьэпIацIэщ, - жиIащ абы си щытыкIэм гу щылъитэм, - колхозым унагъуэхэм къыттригуэшауэ догъашхэ. Ди хадэм мэракIуей куэд зэритыр ищIэрти, сэри къызэлъэIуащ ди къуажэ унафэщIыр. СхуэгъэщIэхъуакъым...

Япэ тхьэмахуэр кIуэху Зулий хьэпIацIэхэм гъунэгъу захуищIакъым, Лаи хигъэзыхьакъым. ИужькIэ езы-езырурэ яхукъуэплъу щIидзащ. Ауэрэ Ла щIыгъуу тхьэмпэ пыч кIуащ икIи шынапэурэ чийм дытрилъхьащ тутей тхьэмпэ фIыцIафэшхуэхэр. Къэпым иубауэ зэрилъам къыхэкIыу, ахэр къэплъат. Япэ телъхьэгъуэр зэраухыу, зэрахабзэу, щхъыщхъын щIадзащ шылэ хьэпIацIэхэм. Зулий дихьэхыу хуежьащ а макъ щабэм. Ямыгъашхэмэ ахэр зэтекIуэдэжынкIэ зэрыхъунуми йогупсыс. А дакъикъэм Ла зы хьэпIацIэ къещтэри, гъунэгъуу къыбгъэдехьэ:

- Еплъыт мы цIыкIум и щхьэщыгум тетым.

Пэж дыдэу, абы и щхьэщыгу дыдэм хуэзэу дамыгъэ фIыцIэ цIыкIу хэтт, дыжьын бгырыпххэм я пэщIэдзэ налъэхэм ещхыркъэпсу.

- Шылэ хьэпIацIэм езы бегъымбарым тридза дамыгъэу дагъэлъагъуу щытащ мыр дыщысабийм , - пищащ Ла а иIыгъыр игъэтIысыжурэ. Абдеж щыщIэдзауэ Зулий абыхэм ящышынэжакъым. Ар и анэм къызэриша и бостей щIыху цIыкIури а шылэм къызэрыхахар къыщыжриIэм, нэхъыфIыжу яхущыт хъуащ. Ар хьэзырт иджы жэщи махуи абыхэм яхэсыну.

Яныныкъуэхэм деж и Iэгум иригъэтIысхьэрти, куэдрэ зэпиплъыхьырт. Езы цIыкIур, ар зыхищIэ хуэдэ, и щхьэ цIыкIур гъэкIауэ къыхудэплъейрт. Шылэ плъыфэу нэхутхьэхущ зэрыщыту. Сыт хуэдиз зэфIэкIрэ къарурэ тхьэм къыхилъхьэн хуей мы хьэпIацIэ цIыкIум, дунейм цIыхуу тетыр шылэмкIэ зэщихуэпыкIын щхьэкIэ. Бжьэр-щэ?.. Хуэлажьэркъэ ар емызэшу цIыхум? А псэущхьэ цIыкIуитIыр сыт дэ, цIыхухэм, къызэрытщыгугъыр? - ЗыкIи... Демыгуауэ закъуэмэ, яхуэтщIэну псор яхуэтщIащ, - егупсысырт Зулий сабий пэтми.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм и япэ мазэри кIуащ, шылэ хьэпIацIэхэми яшхыж щIагъуэ щыIэкъым. Махуэм и кIыхьагъкIэ щэней-плIэнейрэ тхьэмпэр хутралъхьэу щытамэ, иджы зэ текIутэгъуэри къайлыжу яхурикъурт. Ла зэрыжиIэмкIэ, я тIысыжыгъуэ нэсащ. Нэщхъейуэ зэхэсщ езы цIыкIухэри, я щхъыщхъ макъи къэIужыркъым. Апхуэдэу махуэ зыбжанэ дэкIа нэужь, Зулийрэ и анэшхуэмрэ хадэм кIуэри, хэгъукIыну хунэса жыхапхъэ къудамэхэр IэплакIуэу кърахащ. Ахэр пщIантIэкум цIыкIу-цIыкIуххэу щызэрапхыжри, зэтралъхьэжащ. Нэху къекIмэ, абыхэм я щхьэкIэ бапхъэ цIыкIухэр дэгъэзеяуэ, чий къэс трагъэувэнущ.

ТIысыжыну зэрыпIащIэр нэрылъагъуу, хьэпIацIэхэр зэкIэлъхьэжьу жыхапхъэхэм хуэму докIуейри, абыхэм къыхонэжыпэ.

ПшапэхуегъэзэкI хъуауэ пэшым щIыхьэжащ Зулийрэ и анэшхуэмрэ - чийхэр нэщIт, щхьэкIэм кIуат абы теса псори.

- Абдеж щыдухащ уэрэ сэрэ ди къалэныр, - жиIэри, Ла къыпигуфIыкIащ. - Мис иджы укIуэжмэ, адрей уи нанэм шылэ хьэпIацIэм и хъыбар хуэпщIыжынщ.

Махуэ зыбжанэкIэ хьэпIацIэр щагъэшха пэшым Ла зыри щIигъэплъакъым, бжэ Iух-Iулъхьэм ахэр егъэпIетей, жиIэри. Зулий хуопIащIэ и кIэр зэриухынум. Ауэ Ла щыгъуазэ зэрищIамкIэ, адэкIэ абыхэм къыпагъаплъэр зы дахэ ямылей гуэрщ...

Пэшым щыщIыхьэну махуэр къэсащ, Зулий япэ ирегъэщри бжэр Iуех... Нэм илъагъур фIэщщIыгъуейт: нэщI къэхъужа чий захуэшхуэхэм екIуэкIыу тетщ, нэр щызысыкI хужьыгъэм щIигъэна удз Iэрамэшхуэхэр. Ахэр апхуэдизу дахэу уэздыгъэ пыгъэнам полыдри, псей гъэщIэрэщIащ, жыпIэнщ. Апхуэдэ дахагъэкIэ иужь дыдэу къахуэупсэжащ гугъу зыдехьа шылэ хьэпIацIэхэр. Иджы ахэр итIысхьэжат Iэпэ джэдыкIэ хуэдизу IукIэ ящIа шылэ унэ цIыкIухэм. Ахэрат налкъутым хуэдэу зэщIэблэр. Зулий и гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызэрырихьэлIам теухуауэ и ныбжьэгъухэм яхуиIуэтэжын иIэт.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Щикъуохьащ адыгэр дунеижьым

Бзэ зимыІэм, лъэпкъ иІэкъым

● Дэ къытхуатх

Си цІэр Эммэщ, ХьэдагъалІхэ сащыщщ, Иорданием сыщопсэу икІи илъэс 23-рэ хъуауэ пащтыхьыкъуэ Хьэмэз и цІэр зезыхьэ адыгэ еджапІэм сыщолажьэ. Адыгэ Республикэм сыкъыщалъхуащ, хэкум сыщыпсэуащ, иджы Амман сыщыІэщ. Сэ адыгэбзэр изогъащІэ нэхъыжь классхэм щІэс ди лъэпкъэгъуэхэм.

ИОРДАНИЕМ щыІэ адыгэ еджапІэр 1974 гъэм къызэІуахащ икІи сабий садым щыщІэдзауэ епщІанэ классым нэс щІэныгъэ щрагъэгъуэт, нэхъыщхьэращи, адыгэбзэр щрагъэдж.

Адыгэбзэр ирагъэщІэныр сабий садым щаублэ, джэгукІэ щІыкІэм тету. Тхэнымрэ еджэнымрэ ещанэ классым щыщІадзэ, хьэрф тхыныр доублэ. Тхэн и лъэныкъуэкІэ гугъуехь диІэкъым. Ауэ нэхъыбэу къиин кытщыхъур ди еджакІуэхэр адыгэбзэкІэ гъэпсэлъэнырщ. Тэмэму матхэ икІи йоджэ, ауэ псэлъэфыркъым, еджапІэм щызэрагъащІэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм къыщагъэсэбэпыркъыми. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, унагъуэхэми адыгэбзэкІэ щыпсалъэркъым.

Къапщтэмэ, Иорданием адыгэбзэкІэ псалъэу унагъуэ мащІэщ щыпсэур. Сигу къишхыдыкІ мы тхыгъэ кІэщІым еджэ псоми ягу къэзгъэкІыжынут, зыщамыгъэгъупщэну селъэІунут - бзэ зимыІэм, лъэпкъ иІэкъым.

Хьэтх Ширин дызэпещІэж

● Щапхъэ

Иджырей щІалэгъуалэм заужьыным, я мурад зрагъэхъулІэным тезыгъэгушхуэ Іэмал куэд щыІэ хъуащ. Абы и зы щапхъэ къыфхуэтхьынти.

ИЗРАИЛЫМ къыщалъхуа Хьэтх Ширин и ныбжьыр илъэс 23-рэ мэхъу, Тель-Хай къалэм дэт колледжым компьютер Іуэхум щыхуоджэ. Ширин и анэдэлъхубзэм хуэдэу бзитху ещІэ: адыгэбзэ, тыркубзэ, журтыбзэ, инджылызыбзэ, хьэрыпыбзэ.

2019 гъэм Израилым Социальнэ зэхуэдэныгъэмкІэ и къулыкъущІапІэм зы Іуэху иублащ. Абы и зы Іыхьэщ мы къэралым щыпсэу адыгэхэм я щыІэкІэ-псэукІэмрэ я щэнхабзэмрэ къахуэщхьэпэн Іуэху къезыхьэжьэм дэІэпыкъуныр.

ЩІалэгъуалэр иужь ихьащ адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлІауэ щІапхъэхэмкІэ щхьэж езым и Іуэху игъэхьэзырым. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, анэдэлъхубзэр сабийхэм зэрырагъэдж тхылъхэр къыдэгъэкІын, адыгэбзэкІэ спектакль гъэувын хуэдэ проектхэр утыку кърахьащ.

Абыхэм ящыщу Хьэтх Ширин игъэхьэзырар гъэщІэгъуэнт. «Сэ къэралым къыдит Іэмалыр къэзгъэсэбэпу си лъэпкъыцІэр интернациональнэ лъагапІэм дэсІэтеину мурад сщІащ. Абы ипкъ иткІи, Конституцэм (къэралыгъуэм и Хабзэ Нэхъыщхьэ) теухуа проектым селэжьу щІэздзащ. Сытыт абы папщІэ щІэн хуейр? Хэхэс адыгэхэм ящыщ ныбжьыщІэхэр зэхьихьэу, езыхэм я конституцэ ятхыныр арат. Мы проектым хэт ныбжьыщІэхэр зэдэлэжьэху, зэчэнджэщын хуейт, къэралыр сыт хуэдэ ІуэхугъуэхэмкІэ зыдэдгъэІэпыкъунуми дубзыхуу.

Іуэхум теухуа си Іэдакъэщ Іэкіыр Социальнэ зэхуэдэныгъэмкІэ и къулыкъущІапІэм езгъэхьри пхыкІащ икІи ахъшэ къызатащ. Къулыкъущ Іапіэм, абы нэмыщІу Кфар-Камэ муниципалитетым я фІыгъэкІэ, япэ лъэбакъуэр зэфІэзгъэкІащ. Апхуэдэ Іэмал къызатри, Анкара Адыгэ хасэм и Ныбжьыщ Іэ комитетым хэтхэм саІущІэну, адэкІэ зэгъусэу дызэдэлэжьэным къыхуезджэну Тыркум сыкІуащ. Абы махуитхукІэ дыщылэжьащ. Япэ махуэм нэІуасэ дызэхуэхъун щхьэкІэ, дыщызэрыцІыху зэІущІэ зэхэтшащ. Абы дыщытепсэлъыхьащ адыгэ ныбжьыщІэхэм я щыІэкІэпсэукІэм, Тыркумрэ Израилымрэ я конституцэхэм дыхэплъэжащ. ЕтІуанэ махуэм Джолан Іуащхьэ щыгум тет адыгэ жылэхэмрэ Рихьэнирэ дыкІуащ. Рихьэние семинар щедгъэкІуэкІащ. Абы Израилым щыпсэу адыгэхэм, журтхэмрэ хьэрыпхэмрэ къаазэрыхущытым, нэгъуэщІ лъэпкъхэм зэрадэпсэум я гугъу щытщІащ. Ещанэ махуэм Акрэ къалэм зыплъыхьакІуэ дыкІуащ. Акрэр япэм хыІуфэ къалэу Уэсмэн къэралыгъуэм иІащ икІи иджыпсту Израилым щыпсэу адыгэхэр хэкум щрахуам япэу щетІысэхауэ щытар абдежщ. ИужькІэ Кфар-Камэ щагъэхьэзыра гъэлъэгъуэныгъэм видео-зэпыщІэныгъэ Іэмалхэр къэдгъэсэбэпу деплъащ.

ЕплІанэ махуэм Къудус къалэм дыкІуащ, къэралыгъуэ хасэм (парламентым) и лэжьэкІэм зыщыдгъэгъуэзащ, дыщыІащ Яд ва-Шем музейм, Ислъам диным и музейм.

Зэхыхьэм и етхуанэ махуэм конституцэ тхыныр едгъэжьащ. Абы папщІэ гуп-гупу зыдгуэшащ. Дэтхэнэ гупми щагъэхьэзырахэр зэхэдгъэувэжынурэ зи гугъу сщІы Конституцэр зэхэтлъхьэнущ.

Иужьрей махуэм и пщыхьэщхьэм дызэбгъэдэсыжащ, дытепсэлъыхьыжащ ди лэжьыгъэм, уеблэмэ адыгэ джэгуи тщІащ.

Зэлъапкъэгъу щІалэгъуалэр махуитхукІэ зэхыхьэу дяпэкІэ я псэукІэ хъунум, нэгъуэщІ лъэпкъхэм зэрахэмыкІуэдэжьи Іэмалхэр къэгупсысыным зэрытелэжьар сэ икъукІэ лъэбакъуэшхуэу къызолъытэ. Іуэхур дубзыхуа къудейуэ араш, дяпэкІэ нэхъри зедгъэубгъуну ди гугъэщи, ди лъэпкъым дежкІэ сэбэп зэрыхъунум шэч къытесхьэркъым», - жеІэ Хьэтх Ширин.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

● Гъуазджэ

Ди ІэщІагъэхэр Къайсэр щагъэлъагъуэ

Къайсэр щылажьэ Адыгэ хасэмрэ къалэм дэт Щэнхабзэмкіэ Іуэхущ Іапіэмрэ къызэрагъэпэщри, Тыркум щыпсэу адыгэ бзылъхугъэхэм я ІэпэІэсагъэм цІыхухэр щагъэгъуэзащ, я Іэдакъэщ Іэкі дахэхэр утыку кърахьащ. Дыщэидэр, хэдыкІыр, уагъэ зэІущэныр адыгэ цІыхубзым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекІуэкІ Іэщ Іагъэщ, апхуэдэ Іэзагъ зыбгъэдэлъ бзылъхугъэр зыхуагъадэ щымыІэу, жылэм и цІэр щыжаІэу къэгъуэгурыкІуэрт.

ІЭПЭІЭСАГЪЭМКІЭ гъэсакІуэ Абазэ Атаи-ипэ Элиф игъэсауэ я Іэдакъэщ Іэкіэр ягъэлъэгъуащ Гуащ Іэ Сунэ, Былалыкъуэ Насан, ХьэщІэлІ Хьэуа, Бешто Нурдагул, Тумэ Донэ, Пщыгъуэтыж Фэрихьэ сымэ.

ГъэлъэгъуапІэм къекІуэлІа ди лъэпкъэгъуэми ягу ирихьащ цІыхубзхэм я зэфІэкІыр икІи я Іэзагъым уасэ зэримыІэр къалъытащ. Къызэрыгуэкі хьэпшып цІыкІуфэкІухэм нэмыщІ, утыку кърахьащ адыгэ бзылъхугъэ фащэр, ар зэрыгъэщІэрэщІа пкъыгъуэхэр, тхыпхъэщІыпхъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зытещІыхьа щхьэрыхъуэнхэр, чысэхэр, дыщэ идэкІэ зэкІужу гъэпса лъэпкъ дамыгъэхэр зытет хьэпшыпхэр, дыщэ, дыжьын Іуданэкіэ хэдыкІа щэкІ кІапэхэр, Іэлъэщ Іхэр, щхьэнтэхэр, тхьэгъу, Іэлъын хуэдэхэр. А псом нэмыщІ иджыри зы гъэщІэгъуэн, лэжьыгъэ къупэнщыпэн ягъэлъэгъуащ - ар щыгъэ мин щэщІ хуэдизкІэ зыхэбла сурэтырт, чэщанэ пащхьэм къит шууейр къищу.

Зи гугъу тщІы лэжьыгъэ дахэхэр щыплъагъукІэ, уемыгупсысынкІэ Іэмал иІэтэкъым игъащІэми адыгэм къыдекІуэкІ ІэпэІэсагъэр зэман жыжьэм къыпхыкІыу, ди деж къызэрысам, ар хамэ хэку ипхъа хъуа адыгэхэм зэрызэрахьэм, шэч хэмылъуи, уигъэгушхуэрт. Абы зи фыгъэ хэлъхэм я фІыщІэр хуабжьу инщ.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ епха зэхыхьэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэщ лъэпкъым и хъугъуэфІыгъуэхэр зыхъумэр, адрей лъэпкъхэм дакъызэрыщхьэщыкІ щхьэхуэныгъэхэр наІуэ къэзыщІыр.

● Хэхэс жылэхэр

Къарэкъуий

Къарэкъуий къуажэр 1860 гъэм хэкум икІыу Хьэтіохъущокъуэ Къазий и гъусэу Тыркум Іэпхъуа жылэхэм ящыщщ. Ар Къайсэр къалэм километри 135-кІэ, Азей районым километр 45-кІэ пэжыжьэщ. Хьэжрэт къэбэрдейхэм я япэ тІысыпІэщ ар, адрей Къундэтей къуажэр Къарэкъуийм къытепщІыкІыжауэ араш.

КЪУАЖЭР Шэджэмрэ Щхьэлыкъуэрэ я цІэу жылитІу зэхэсщ. Хэкум зэрыщызэпэгъунэгъуам хуэдэу Тыркуми щызэпэІэщІэкъым. Блэкіа илъэсхэм къуажэм хэхэс унагъуэ куэди къыдэтІысхьащ, япэ дыдэу дэсахэм ящыщ куэди е хэкІуэдэжащ, е нэгъуэщІ къуажэхэм Іэпхъуащ.

Къуажэшхуэщ зи гугъу тщІы жылэр, еджапІэ зиІэ адыгэ къуажэ зытІущым ящыщщ. Абы нэмыщІ сымаджэщ цІыкІуи яІэу щытащ, ауэ иджыкІэ дохутыр щылэжьэжыркъым. Мэжджыт, тыкуэн дэтщ. Иджыпсту унагъуэ 50 хуэдиз дэсу аращ. Іэщ зэрахуэ, мэл хъуши ущрохьэлІэ.

Илъэс зыбжанэ и пэ кІэртІофым зратауэ, кІэртІофф щыхасэ икІи къохъулІэ. Нэхъапэм мыбы кІыщ дэту щытащ. Аунис Хьасо игъэлажьэрт ар, ауэ Хьасо дунейм ехыжа нэужь зэхуащІыжащ.

Къапщтэмэ, мыр Узун-Яйла щІыпІэм япэ дыдэу итІысхьа жылэщ. Нэхъыжьхэм зэрыжаІэжымкІэ, абы къуажэ 11 къытехъукІащ. УщыдэлъадэкІэ, япэу узыхуэзэр Щхьэлыкъуэщ, адрейр Шэджэмщ.

Жылэм къедзащ мы къуажэхэр: Мэртэзей (Карахалкэ), Жамботеижъ (Олуккая), Астэмрей (Шерефие), Инэркъуей (Узунпынар), Сасыкъхьэблэ (Кыркпынар), Щэныбей (Ескиясыпынар), Шыджэбэхуэй (Къурбагълык), Къундэтей (Орэншэхир), Гунащхьэблэ (Сачаягъы - Беязкъуэй).

ЩІымахуэм абыхэм дэсыр мащІэщ, ауэ гъэмахуэм унагъуэ 60 - 70 хуэдиз къыщызэхуосыж. Еджа куэд къыдэкІащ мы жылэхэм, щІэныгъэ зэрагъэгъуэтын папщІэщ къалэшхуэхэм Іэпхъуэн хуей щІэхъуари.

Ди лъэпкъэгъуу, зэфІэкІ ин яІэу къуажэм къыдэкІащ Абазэхэ Бэрд, Рэшад, Мэмо, Сэлами; Адыгэунэхэ Мусэ, Сугъэд, Сабри; Алътыдокъуэхэ Хьэлым, Кирами; Ансыкъуэ Хьэжпагуэ; Аунисхэ Мурадин, Пагуэ, Сэлэдин; Батырдэгу Сэлами; Бырс Мурадин; Гъубжхэ Дадэ, Ихьсан, Сэрвет, Рэмзи; ГъукІэпщокъуэхэ Ахмэт, Исуф, Іэдил, Сэлэхьэттин; ГъущІІунэхэ Пагуэ, Джэвахир; Дыдухэ Гъази, Махир, Фэхьми, Шэхин; Жантемрокъуэ Камил; Жухэ Гъыдэ, Сэфар; Жэбагъыхэ Сугъэд, Нащхуэ; Жэнакъхэ Гъэбдин, Сэлмэн, Фахъри, Кэмал, Алий, Мэндухь; Зеущэ Ихьсан; Къуэжьхэ Иззэт, Ануар, Зэхьни, Нэджати, Яшар, Неджэт, Шаф, Нэджми, Джахит, Джехти, Илхьэм; Къалтыкъуейхэ Нухь, Мухьэдин, Дуран; КъанІэфІ Исмэл; ЛІупхэ Гъэбдин, Исуф, Аббас; ЛІыгуащІэхэ Шагъбан, Хьэджэли, Хьэрун, Расим, Мурсэл; Мэшыкъуэхэ Казым, Нэзир; Науржанхэ Хьэмид, Гъэбдин, Зулфикъар, Татуш, Вахап, Рушти, Икрам, Кирами; Нэгъуейхэ Ибрэхьим, Мухьэдин, Зиядин, Сэлчук; Пшынокъуэ Рызэ; Тхьэзэплъхэ Иззэт, Хьэкы, Хьэмди, Ахъмэт, Зэки, Февзи, РаІуф; Уэрдымхэ Ихьсан, Умар, Сэлэдин, Фэхьми; Фэрэжхэ Хьэмид, Іэбдуллэхь, Къадир, Вахит, Дэнял, Муджэхьит, Садэт, Садие, Рабия; ФІэщмухъуэхэ Гъэбдин, Ихьсан; Хьэжбэвыкъуэхэ Исмэхьил, Джафэр, ФуІэд, Ихьсан, Мэжид, Хьэмид, Хьэсэн, Хъусэн, Сание, Сафие; ШыкІэжьхэ Иззэт, Шэвкэт, Нусрэт, Мухсин, Сани сымэ.

КІэртІофрэ кхъуей цІынэрэ зыдэлъ дэлэн

Фэ темылъу гъэва кІэртІофыр ягъэупщІыІу, кхъуей цІынэр тыкъыр цІыкІуурэ зэпаупщІ. А псори лыхьэжым щабэу щІагъэкІ, тепщэчышхуэм иралъхьэ, шыгъу, шыбжий, джэдгын халъхьэ, фІыуэ зэхагъэзэрыхь. ІэшкІэ ящІри ягъэтІылъ. ИтІанэ пщагъэ зыхэлъ тхьэв яху, абы кІэртІоф Іэшкіэ тралъхьэ, тхьэв кІапэхэр зэкІэрагъэпщІэжри, хупхъэкІэ хъурейуэ яху, и Іувагъыр см 2 хуэдизу. Дагъэ зыщыхуа тебэм иралъхьэри, захуэ ящІыж. И кум сапэкІэ гъуанэ хуащІ, хьэкулъэм ирагъэувэри, хьэзыр хъуху, дакъикъи 10 - 11-кІэ, ягъажьэ. Тебэр къытрахыж, дэлэным тхъуцІынэ щахуэ, Іыхьэурэ зэпаупщІри, хуабэу яшх, шатэ и гъусэу.

Халъхьэхэр: *Тхьэвым:* гуэдз хьэжыгъэу - г 400, псыуэ - г 200, пщагъэу - г 10, зы джэдыкІэ, фошыгъуу, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Дэлэным дэлъынур: кІэртІоф укъэбзауэ - г 600, кхъуей цІынэу - г 400, бжьын цІынэу - г 100, шатэу - г 200, шыгъуу, шыбжийуэ, буршу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз, дэлэн жьам щахуэ тхъуцІынэу - г 30.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Прозэу тха усэ

ЗэхэгъэкІыпІэ

Еджагъэшхуэхэр гуащІэу зэныкъуэкъурт.

- Сэ шэч къытесхьэркъым цІыхур номиным къызэрытехъукІам, - жиІэрт зым.

- Хьэуэ, - идэртэкъым адрейм. - А шыпсэр куэдым я фІэщ хъууэ щыщыта зэманыр блэкІащ. Гуэгушым къаз къришыркъым - номиным дауэ цІыху къызэрытепщІыкІынур! Номиным къытехъукІыжыр номинщ.

Ешыхукіэ зэныкъуэкъуащ еджагъэшхуэхэр.

Ешхэри, бэяужащ, зэрытемыгъакІуэу.

ИтІанэ зы къэпсэлъащ - иджыри къэс екІи фІыкІи и жьэ зэщІихатэкъым а зы закъуэм.

- Догуэ-тІэ, си къуэшхэ, - жиІащ абы, - фэ дауэ феплърэ: цІыхум номин къытехъукІынкІэ хъунукъэ?

Псори зэуэ абы и дежкІэ еплъэкІащ. Псори хуэпІащІэрт и Іуэху еплъыкІэр къащІэну. Езыми зыпигъэплъакъым:

- Псэ зыІутым щыщу цІыхум и закъуэщ, зыщІэгупсысыжу, и щхьэм хуигъэфащэм, и гум къабыл ищІым хуэдэу псэуну Іэмал зиІэр. ЦІыхуу дунейм укъытехьамэ - ар зэхэгъэкІыпІэу аращ. Къызэрыблэжьщи, цІыху хуэдэу дунейм утетмэ, цІыхуу укъытохьэж; номиныр (е нэгъуэщІ зыгуэр) нэхъ пхуэфащэ - ари богъуэтыж.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

● ЖыІэгъуэхэр

Акъыл щІыхуэ ятыркъым

- ✦**Абы зэфэну псыр фІрафыжат**.
- ✦**Адэ гъуэгужь зи мыпщІыхь хэхэс хъупащ**.
- ✦**Адрыщ щІэдэуху, мыдрыщ ягуэшащ**.
- ✦**Ажал здэщымыІэ гъащІи щыІэкъым**.
- ✦**Акъыл щІыхуэ ятыркъым**.
- ✦**Акъыл зэрымылъ щхьэр пыІэ фІэдзапІэщ**.
- ✦**Акъыл зиІэм имыІэкІэ зыщІагъакъуэ**.
- ✦**Акъыл иІэщ жыпІэу чэнджэщкІэ ухуэмыбэлэрыгъ**.
- ✦**Акъылым и лъапсэр зыхъумэр чэнджэщщ**.
- ✦**Акъылыр ещІэкъуауэмэ, гупсысэр лъэбышэщ**.
- ✦**Акъылкіэ щыпэмылъэщым, Іэштімкіэ пэщІэуващ**.
- ✦**Акъылыншэ тхьэмыщкІэщи, ныбжьэгъуншэ къулейсызщ**.
- ✦**Алыхьым щыгугъым и гугъэр мэбагъуэ**.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Пшыналъэхэр

Сыт ущІелъэпауэр а си тыгъэм?!

Си гур мэжеиж, си псэ, уэ укъонэ. Ауэ а уи къэнэнми сыт гуфІэгъуэшхуэу хэлъыр?! Сэ сынэщхъейуэ гъащІэ псор схьащ, пхузиІэ лъагъуныгъэр уэрэд сщІыуэрэ. Уэ а уэрэдхэм щыщу зы жыпІакъым! Сыт сщІэн-тІэ, ирежеиж си гур. Сэри зы гъащІэ есхьэкІащ. Къренэ ар уэрэду.

ПщІэну щыткъым, зэгуэр уи сабийм и гущэ лъапэм деж ар дзапэ уэрэд щыпхуэхъужынкІи хъунщ, жэщыр кІыхь къыщыпщыхъум деж. Уэ укъонэ, ауэ а уи къэнэнми сыт гуфІэгъуэшхуэу хэлъ?!

* * *

- Сэ удз гъэгъа ныпхуэсхьри уи Іэмыщ Іэм ислъхьати, ар уэ занщІэу къыхыфІэбдзэжащ. Сыт тыгъэр уэ щІысІуумыхар? Куэд щІауэ къэслъыхъуэрт сэ а удз гъэгъа сабэм хэбдзэжар! Нобэ ар къэсхьу сыкъэкІуэжу арати, схуэшэчакъым уи Іэмыщ Іэм щэхуу измылъхьэн. Сыт ущІелъэпауэр а си тыгъэм?! Абы тет тхьэмпэхэм зым дахагъэ къыпхелъхьэ, адрейр лъагъуныгъэкІэ къыпхуоупсэ, ещанэм уи нэпс кърегъакІуэ. Арат сэ ар уэ къыщІыпхуэсхьар.

- Сэри ар щІыхыфІэздзэжар а щхьэусыгъуэ дыдэрщ... Сэ дахагъэ сиІэкъэ! Си гур Іущащэу сыщыскъэ, си напІэр мыгъущу. Сыт итІанэ зэрысщІынур ар?! Сэ сыхуейкъым апхуэдэ удз гъэгъа! Къысхуэхь тхьэмпэ цІыкІу иІэмкІэ зыкъришэкІауэ дахагъэм Іэплі хуищІу, лъагъуныгъэм еІущащэу, напІэм хуэпхьмэ, щІалэгъуэ гъуэгур нуркІэ зэщІигъаблэу, гущІэ уэрэдкІэ зэщІигъэушэу удз гъэгъа. Сэ апхуэдэщ сызэжьэр, си гур абы ежьэурэ ешащ.

ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн.

● ГушыІэ

Уемыджамэ аращ!..

Зауэ нэужьт. «Зауэми хъарзынэу хэтащ, езыри тІэкІуи еджащ, колхозыр зэрихьэфыну къыщІэкІынщ», - жари, зы щІалэжь колхоз тхьэмадэу хахащ. Зы линейкІэ зэщІэщІарэ зы гущхьэІыгърэ иратыжауэ мэлажьэ. ЩІалэжьым «сэ схуэдэ дэнэ щыІэ!» жиІэу зыкъыфІэщІыжауэ йокІуэкІ.

Махуэ гуэрым линейкІэм ису я деж Іухьэжри, линейкІэзехуэм зыри жримыІэу, шхэщ, гъуэлъри жеящ. Мыдрейр абы йожьэри щытщ, шыхэми езыми я щхьэр дыгъэм къигъэвэжауэ.

Председателыр, и жеин ирикъущ, къэтэджщ, псы ефэри къыщІэкІащ. Линейкіэм итІысхьэри, «неуэ!» жиІащ.

- Дэнэ? - жиІащ мыдрейм.

- Зи дэнэр пщІэркъэ?! Губгъуэм! - жиІащ.

- Зиунагъуэрэ, апхуэдизрэ щхьэ сыщыбгъэта? Сэри тІэкІу седзэкъэнтэкъэ, шыхэри згъэшхэнтэкъэ, зыгуэр жыпІамэ! - жиІащ линейкІэзехуэм.

- НакІуэ жысІащи, неуэ! Аращ, уеджамэ! - жиІащ.

Линейкіэзехуэр губжьауэ, ущу здэкІуэм, къэгъэшыпІэ кІэщІ, псы шэд инам бгъурыту, щыхуэзэм, шитІым яхэуэри щІэпхъуащ. КІэщІу къыщигъэшым, бэлэрыгъауэ ис председателыр илъеикІри, шэдым и курыкупсэм хэхуащ.

- Узэплъыр сыт, гъуэгу мыгъуэм ежьэн! - жиІэу къыщыхэпщыжым:

- Уемыджамэ, аращ! Сэ сщІакъым мыбдеж псы шэд иІэу! - жиІащ линейкІэзехуэм.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **1**. ЩІалэм и ... илъыгъуэщ. **3**. Абы пэгунитІ фІадзэурэ псы кърахь. **5**. Мэлыр ... хъуауэ, пщІантІэ кІуэцІыр хъурейуэ къызэхежьхь. **8**. Жэщыкум къуажэ кІуэцІыр ... хъущ. **10**. Аушыджэр къыщалъхуа къэбэрдей тхакІуэ. **11**. ... мэракІуэ. **12**. Ди къэралым и республикэ нэхъ инхэм ящыщ зым и къалащхьэ. **13**. Куэсэ ... умыщІ. **15**. ... пыІэ. **16**. Фо зыфІэфІ хьэкІэкъуэкІэ.

Къехыу: **1**. Шэрэдж районым и къуажэ нэхъыщхьэ. **2**. Шым и кІуэкІэ. **3**. ... зиІэм кІэи иІэщ. **4**. Хьэ хьэулей. **6**. Нартыху хьэжыгъэм къыхэщІыкІа хьэлу гъэва. **7**. Пхъэщхьэмыщхьэ, шейхэдзэ. **9**. Лъахъстэн вакъэ пІащІэ. **10**. Къэбэрдей усакІуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и лэжьакІуэ. **13**. Хьэцэпэцэ къэкІыгъэ. **14**. ПІащэ, зи ныбэр къежьа.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ**.

Мэкъуауэгъуэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5**. Дорбэ. **6**. Аргъей. **8**. Псыдыуэ. **9**. Щтамылэ. **14**. Іупэлэ. **15**. Улахуэ.

Къехыу: **1**. Тощ. **2**. Къубас. **3**. Арму. **4**. Жей. **7**. Къудамэ. **10**. Тулэ. **11**. Лулэ. **12**. Гъупщ. **13**. Шхуэ.

● Гъуазджэ

Адыгейм и набдзэ «Ислъэмей»

Адыгэ Республикэм лъэпкъ къафэхэмрэ уэрэдхэмкIэ и «Ислъэмей» къэрал ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъум, абы и художественнэ унафэщI, композитор, Урысей Федерацэм, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цIыхубэ артист, Кубанымрэ Абхъазымрэ гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Урысейми Адыгейми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, «Адыгейм и щIыхь» медалыр зыхуагъэфэща Нэхей Аслъэн Къасым и къуэм и ныбжьыр илъэс 80 зэрыхъум я щIыхькIэ «Ислъэмейм» ит концертыр Налшыки къэсащ.

ЛЪЭПКЪЫМ и Iуэрыуатэ-макъамэ гъуазджэр илъэс 30 хъуауэ екIуу утыку къизыхьэ гупым ди къуэш республикэм и мызакъуэу, дунейм адыгэу тетыр ирогушхуэ. Макъамэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр, уэрэджыIакIуэ макъ зэщIэжьыуэр, адыгэ къафэр щызэгъусэ пшыхьыр икъукIэ дахэ, гухэхъуэ, удэзыхьэх хъуат.

Пшыхьыр иригъэкIуэкIащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист ТIэш Светланэ. Абы къызэхуэсахэр «Ислъэмейм» къикIуа гъуэгуанэм кIэщIу щигъэгъуазэри, псалъэ иритащ Нэхей Аслъэн деджауэ куэд щIауэ и ныбжьэгъу, композитор цIэрыIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил. Нэхъыжьыфым жиIащ адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI лъэпкъ гъуазджэм и купщIэ нэхъыщхьэ дыдэр яхъумэу, абы нэхъри зрагъэужьу ди цIыхубэм зэрыхуэупсэм «Ислъэмейм» и Iулыджыр нэхъри зэриIэтыр.

- КIахэ адыгэм Нэхей Аслъэн фIэкIа ямыIами, фIыгъуэу щыIэмкIэ Тхьэр къахуэупсат. Сэ макъамэм зыгуэр хэсщIыкIмэ, абы къызэригъэпэща оркестрымрэ уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэхэмрэ хуэдэ гъуэтыгъуейщ. Аслъэнрэ сэрэ Тбилиси дыщызэдеджащ, гъащIэ гъуэгуани къызэдэдкIуащи, жысIэфынущ абы хуэдэ цIыху зэрыщымыIэр, апхуэдэу макъамэм хуэпэжа дунейм зэрытемытыр, - жиIащ ДжэбрэIил. - Къызэригъэпэщар къызэрыгуэкI ансамблкъым, атIэ пшыналъэ псо ирокъу. Абы хэт щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ зыкIэ къабзэу, зэкIужу зэщIэжьыуэу уэрэдыр зэдыжаIэри, уасэ хуэщIыгъуейщ. Сыт ансамблыр ди напщIэ щIытелъыр? АбыкIэ дэ хамэ куэдым дыкъызэрацIыхурщ. Иджыблагъэ илъэс 30-р ягъэлъапIэу Урысей псом къыщакIухьащ. Си Iуэхущ абыхэм адыгэр, шэрджэсыр дызищIысыр, ди щэнхабзэр, гъуазджэр зыхуэдэр зыхьхьахэм ирамыгъэлъагъуфами! Сэ гъащIэ къэзгъэщIащ, сыт хуэдиз илъэс къызэзнэкIами, дахагъэм си гур йохъуапсэ, мис абыкIэ си гур щыз зыщIыр «Ислъэмейращ».

Нэхей Аслъэн адыгэ щэнхабзэм хилъхьам хуэдиз хэзылъхьа зыри щыIэкъым, си деж къыщыщIэдзауэ. Мы гъэм зи илъэс 80-р зыгъэлъапIэ си ныбжьэгъум сохъуэхъу, сэ къэсхъуэпсу си гъащIэр здынэмысам ар нэсыну, игу илъа псори къехъулIауэ зыхуэарэзыжу адэкIи псэуну.

Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ, «Ислъэмейм» и солисткэ ХъуакIуэ Сусаннэ, АР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Шэшэным щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ансамблым и унафэщIым и къуэдзэ Агъыржанокъуэ Саниет сымэ жаIащ Налшык концерт щатыну сыт щыгъуи зэрафIэфIыр, куэд щIауэ яцIыху ныбжьэгъухэр зэрыщаIэр, я лэжьэкIэм дихьэх цIыхубэр гуапэу къазэрыпежьэм ягу зэрыхигъахъуэр.

Утыкум ит артист зэчиифIэхэм я уэрэд жыIэкIэм, пшынэ еуэкIэм ущедаIуэкIэ, я къафэхэм ущеплъкIэ, апхуэдиз макъамэ телъыджэр къэзыгъэщI композитор Нэхей Аслъэн и талантым и къэухьыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ гъэпсыкIэ хэхахэмрэ къигъэсэбэп пэтми, адыгэ уэрэдыжьым и купщIэр къонэж. Апхуэдэ зэфIэкI бгъэдэлъщ «Ислъэмей» ансамблым и художественнэ унафэщIым.

Репертуар къулей иIэщ «Ислъэмейм». Композитор цIэрыIуэхэу ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ Нэхей Аслъэнрэ я Iэдакъэщ Iэкхэр лъэпкъым уасэ зимыIэ хъугъуэфIыгъуэ хуэхъуащ, цIыхубэ тхакIуэ Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр, «Хьэгъэуджым и зэфакIу» симфониер, «Гуащэгъагъ и гъыбзэр», «Хьэтхым и къуэ кIасэр», нэгъуэщIхэри къызэрымыкIуэщ, апхуэдэщ репертуарым иджы щIэуэ хагъэхьа макъамэхэри. Аслъэн зэи езэшыркъым, ар сытым дежи матхэ, мэлажьэ, и Iэдакъэщ Iэкхэр ансамблым дахэу утыку кърехьэ.

АР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Дыгъужь Асиет, артистхэу Къумыкъу Шамсудин, Щамырзэ Къазбэч, Уджыхъу Руслан, Мэшбащ Iэ Саидэ, Дер Абир сымэ уэрэдым псэ халъхьэ, пшынауэ Iэзэхэу Лъэцэр Светланэ, Мыщэ Анзаур хуэдэхэрщ адыгэ макъамэр дунейпсо музыкэ гъуазджэм нэзыгъэсар.

Мы ансамблым хуэдэ адыгэм иIэкъым. Ар къызэрызэригъэпэщауэ щытам, и мыхьэнэм мыпхуэдэу топсэлъыхьыж Нэхей Аслъэн:

- 1990 гъэхэм сэ Адыгэ Республикэм и Композиторхэм я союзым и тхьэмадэу сылажьэрт. Макъамэ куэду стхырт, Къэрал филармонием и музыкантхэм си Iэдакъэщ Iэкхэр ягъэзащIэрт. Лъэпкъ къафэмкIэ «Налмэс» къэрал академическэ ансамблыр езым и щхьэ Iуэху зэрихуэжу щхьэхуэ щыхъум, филармонием и унафэщ Iыр къызэлъэIуащ зы лъэпкъ ансамбль къызэдгъэпэщыну. Арэзы сыхъури иужь сихьащ, ауэ сэ зэхэсшэну сызыхуейр цIыхухэм я нэгу зезыгъэужьын ансамблтэкъым, атIэ адыгэ щэнхабзэм и зы Iыхьэ гъэщIэгъуэн - уэрэд Iуэрыуатэр - къэзыгъэщIэрэщIэжын гупт.

Макъамэ Iэмэпсымэ зыбжанэ фIэкIа димыIэу дыщызэхыхьамрэ нобэрей ансамблымрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. УэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, оркестрыр - нобэ ахэр зы гуп лъэрыхь хъуащ. Иджы доллар мин бжыгъэ зи уасэ микрофонхэр къыдощэхуф, фащэ щад цех, зыхуей хуэгъэза студие диIэщ, европей жыпхъэхэм изагъэ уэрэдхэр, макъамэхэр идогъэтхыф.

«Ислъэмейм» мызэ-мытIэу концерт щитащ Тыркум, Иорданием, Израилым, Германием, Грецием, Инджылызым, Италием, Польшэм, Чехием, Урысейм и къалэ, хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм. Иджыпсту дэни къыщацIыху, щапхъэ ятезыхи щыIэщ. Хамэ къэрал щыIэ адыгэхэм нэхъыбэ дыдэрэ я пащхьэ ихьахэм ящыщщ «Ислъэмейр». Уэрэдыр, къафэр, лъэпкъ макъамэр зэгъусэу зы утыку къизыхьэф ансамблыр ди лъэпкъэгъухэм щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэ. Нэхъ гъэщIэгъуэнращи, «Ислъэмейр» адыгэ щымыпсэу щIыпIэхэми къыщIэлъэIуурэ концерт щат. Адыгэбзэ ямыщIэми, ди лъэпкъ щэнхабзэм пэIэщIэми, абыхэм я макъамэр апхуэдизкIэ гум фIэфIщи, зэрыжаIэ бзэм емылъытауэ псэр егъэтынш.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу концертым кърихьэлIахэм къабгъэдэкIыу удз гъэгъа Iэрамэ ин яIыгъыу Нэхущ Чэримрэ ХьэцIей Тимуррэ утыкум къихьэри, зи илъэс 80-р зыгъэлъапIэ Нэхей Аслъэн хъуэхъу псалъэ гуапэ хужаIащ, ансамблым хэтхэми ехъуэхъуащ я творческэ гъуэгуанэр кIыхьу, бгъуфIэу адыгэ дунейм иджыри щыпхашыну.

«Ислъэмейм» и къалэн нэхъыщхьэр ди адэжьхэм къытхуагъэна щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэр хъумэнырщ, ар къыдэкIуэтей щIэблэм ябгъэдэлъхьэнырщ, адыгэ щэнхабзэр дуней псом къыщегъэIыхунырщи, ар фIы дыдэу къохъулIэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.

Я зэфIэкIхэм хагъахъуэ

Республикэм и мащIэкъым зэрыгушхуэ спортсменхэр. Утыкушхуэхэм зэфIэкI лъагэхэр щызыIэрызыгъэхьа ди спортсмен цIэрыIуэхэм яхуэфэщэну къыдокIуэтей щIалэгъуалэри. Спортым и унэтIыныгъэ псоми ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэу зэхьэзэхуэхэм жыджэру хэтхэщ ныбжьыщIэхэр.

ИДЖЫРЕЙ пятиборье спорт лIэужьыгъуэмкIэ къэралым щекIуэкI зэпеуэхэм щIэх-щIэхыурэ макIуэ ди спортсмен ныбжьыщIэхэр. Апхуэдэу иджыблагъэ Краснодар къалэм иджырей пятиборьемкIэ щызэхэта зэхьэзэхуэми абыхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ. КИФЩIмрэ Ипщэ федеральнэ щIыналъэмрэ я хэгъэгухэм щыщ спортсмени 150-рэ хэтащ абы.

Дызэрыгушхуэн ехъулIэныгъэ къыщахьащ абы ныбжьыщIэхэм - зэпеуэм кърикIуахэм япкъ иткIэ ди щIыналъэм икIа гупым япэ увыпIэр къахьащ.

Четырёхборье унэтIыныгъэмкIэ бжьыпэр иубыдащ Iэпщэ Тембулэт. Дыжьын медалхэр къахьащ Къалэбэч Азизэ, Атабиевэ Малика, Туменов Заур сымэ. Троеборьем къыщыхэжаныкIащ икIи ещанэ увыпIэр иубыдащ Воронин Артём.

Спортсмен ныбжьыщIэхэм я гъэсакIуэ Зенин Игорь къыхигъэщащ и нэIэм щIэтхэм я ехъулIэныгъэхэм зэрыригушхуэр икIи нэхъыбэжкIи зэращыгугъыр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. (12+)

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.576
Заказыр №1410

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А